

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Talsamat

R. Ng. Yasadipura I



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

M E N A K T A L S A M A T

ТАМАЗЛАТЖАНИ

MENAK TALSAMAT

Oleh

R. Ng. YASADIPURA I

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

Alih aksara dening :

KAMAJAYA




Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1250

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN
DIT. SEJARAH & NILAI TRADISI

nomor Induk	: 1864/1984
anggal terima	: 26-12-1984.
serti/nadiyah dari	: proyek PBRI X D
Nomor buku	:
kor ke	: 3



PROYEK PENGERUJIAN BUKU SENI
INDONESIA DAN DAEWAH
Terkait 1985

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

KATA PENGNATAR

ISINIPUN

Kaca

1.	Sambetipun Wong Agung nglurug dhateng Mukabumi	15
2.	Nagari Mukabumi bedhah, ratunipun pejah	18
3.	Balanipun Wong Agung sami kabesmi	27
4.	Wong Agung ambedhah Nagari Pildandani	34
5.	Wong Agung ambedhah Nagari Talsamat	42
6.	Wong Agung kundur dhateng madinah papanggih Kangjeng Nabi	55
7.	Prabu Hirman nglurug dhateng Madinah	62
8.	Wong Agung mapagaken Prabu Hirman	71
9.	Prabu Hirman utusan Patih Bakhtiyar mikat panggalihipun Raja Lakat	78
10.	Raja Lakat kapikat	91
11.	Badhe nglurug dhateng Madinah	101
12.	Wadya bala Lakat bidhal dhateng Madinah	114
13.	Wawatakipun senapati Arab	121

Kata Pendahuluan

Buku seri cerita Menak berjudul Menak Talsawat ini mengisahkan Sang Agung Menak Jayengrana pada usia telah lebih dari setengah baya. Sudah cukup tua usia, namun tiada henti-hentinya untuk menaklukkan para raja, apalagi yang batil, dan segala rupa kejahatan di dunia ini. Dalam buku seri cerita Menak, Sang Agung Menak disebut dengan banyak nama. Sewaktu mudanya ia sering disebut Sang Agung Menak Jayengrana (yang selalu jaya dalam peperangan), setelah menjelang setengah baya usianya, ia sering disebut Sang Agung Surayengbumi (yang sangat pemberani di dunia). Kemudian setelah tua usia ia bergelar Sultan Kumidil Alam (yang menguasai alam).

Cerita Menak Talsamat dimulai dengan perkelanaannya bersama dengan para rajanya, juga Raja Gulangge. Kata Sang Amir kepada Raja Gulangge bahwa menurut pesan gurunya, bila ia telah selesai menaklukkan Negara Mukabumi, maka dalam perjalanan pulang ia akan bertemu dengan Rasulullah, Nabi terakhir Utusan Tuhan. Dan Sang Menak sangat sekali mengharapkan tibanya saat yang bahagia dan mulia itu. Karenanya mereka segera melanjutkan perkelanaannya.

Tibalah mereka di Negara Mukabumi dengan rajanya bernama Argajimandasuwi, adik Raja Argajimandalika yang telah tewas di tangan Sang Jayengrana juga. Terjadilah peperangan hebat antara prajurit Arab dan tentara Rokam di Mukabumi. Berhadapanlah Sang Menak dengan Raja Argajimandasuwi. Akhirnya Sang Raja Rokam Mukabumi tewas di tangan Sang Agung Menak. Perjalanan diteruskan ke Negara Jongsemit. Rakyat di negara itu, termasuk rajanya, makanannya hanya isi perut hewan, dan rajanya hanya makan hatinya. Raja Jongsemit yang bernama Jongsir segera menggerahkan rakyatnya setelah mendengar negaranya kedatangan musuh, prajurit Sang Agung Menak. Dalam pertempuran yang sengit, akhirnya kota Jongsemit dibakar habis dengan "senjata kaca" yang dapat menimbulkan api, dan seluruh

kota terbakar menjadi abu.

Kini perjalanan diteruskan ke Negara Kristam dengan rajanya yang bernama Prabu Barwar. Jalan menuju Kristam sangat sulit dan sempit, melalui lereng-lereng gunung yang terjal dan rumpil. Mendengar ada musuh datang, Raja Barwar memerintahkan menanam mesiu di mana-mana di sepanjang jalan di lereng gunung yang akan dilalui musuh. Wadya bala Sang Menak kerenanya mengalami banyak kerusakan dan dengan sutera wasiat anugerah Nabi Kilor dahulu, dapat ditolong tiga ratus orang prajurit, sepuluh orang raja, dan beberapa orang kerabat. Setelah mereka dapat keluar dari api, mulailah mereka menyerang musuh dan Sang Menak mengamuk dengan pedang saktinya sambil mengendarai kuda Sekarduijan. Terjadi peperangan dahsyat, namun Sang Raja Barwar akhirnya tewas terbabat pedang Sang Menak. Melihat rajanya telah tewas, para wadya bala Kristam bubar lari ke dalam kota. Tetapi kotanya pun dihujani "panah kaca" dan terbakarlah seluruh kota menjadi abu.

Atas petunjuk Raja Gulangge perjalanan diteruskan ke Negara Pildandani, negara tenung. Semua raja Sang Menak yang melihat hal-hal yang sangat lucu, tak dapat menahan diri dan tertawa terbahak-bahak; justru di situ lah letak tenungnya. Semua raja pingsan tak sadarkan diri. Untung Sang Menak mendapat petunjuk dari Nabi Ibrahim untuk memanah ayam kate yang dijumpai hingga mati; sebab di burung kecil itulah berkumpulnya nyawa semua penduduk Pildandani. Ayam kate ditemukan, ditembak mati, dan matilah pula seluruh penduduk Negara Pildandani, termasuk rajanya. Dan dengan hapusnya Negara Pildandani, selesailah pula tugas Sang Agung Menak dalam menghabiskan syaitan di Mukabumi.

Hingga di sini sebetulnya cerita Menak Talsamat telah selesai. Negara syaitan telah dimusnakan, dan Sang Agung Menak, yang telah sekian lamanya berkelana ingin kembali ke Madinah untuk dapat berjumpa dengan Nabi Mohammad s.a.w., yang sebenarnya masih kemanakan Sang Agung Menak sendiri. Sebagai satria utama Sang Menak menyadari sepenuhnya kebesaran Sang Nabi sebagai Utusan Tuhan dan sebagai Nabi yang terakhir. pula mengakui

agama Islam itu sebagai agama yang paling unggul dan paling utama. Sang Agung mengirim utusan atas kedatangannya hendak menghadap Nabi; takut kalau ia tiba-tiba saja datang dengan segala wadya balanya, akan dikira ada musuh akan menyerang. Dan Nabi Mohammad s.a.w. mendengar berita kepulangan Sang Menak, pamannya sendiri, memutuskan untuk menjemput pribadi Sang Paman yang telah sekian lama dalam perkelanaannya baru akan kembali.

Perjumpaan antara Sang Agung Menak, satria utama serta gagah perkasa, dan Nabi Mohammad s.a.w. berlangsung sangat mengharukan. Akhirnya Sang Menak dengan semua raja dan wadyanya masuk pula ke Agama Islam.

Sementara itu Raja Medayin, Prabu Hirman, putra Prabu Nusirwan, mengerahkan seluruh wadya balanya untuk menaklukkan Madinah. Sang Amir Ambyah mohon kepada Nabi agar diizinkan menumpas musuh itu. Dan terjadilah Sang Agung Menak mengamuk bala tentara Medayin hingga porak-poranda. Tadinya, Prabu Hirman itu berani menyerang Madinah, karena mendengar kabar bahwa Sang Agung Menak telah tewas di Talsamat, namun kenyataannya tidak, bahkan tentaranya sempat diobrak-abrik Sang Amir. Prabu Hirman lari, dikejar, namun tidak tertangkap.

Karena ia tak mau takluk, apalagi memasuki Agama Islam, dengan patihnya yang bernama Bakhtiar, ia berunding, kepada siapa mereka akan meminta bantuan.

Cerita selanjutnya ini sebenarnya telah merupakan permulaan Cerita Menak yang nantinya berjudul Menak Lakat, ialah, perpe-rangan antara Sang Raja Lakat dan Sang Agung Menak sebagai senapati wadya bala Madinah.

Patih Bakhtiar menyarankan untuk minta bantuan kepada raja di Negara Lakat yang bernama Prabu Dawilkusen, raja gagah perkasa, sakti, pemberani, dan pilihan tandingannya. Prabu Hirman kemudian mengutus Patih Bakhtiar membawa surat kepada Prabu Dawilkusen beserta banyak barang bawaan yang indah-indah, bahkan seorang putri kerabatnya sendiri, untuk diunjukkan kepada Raja Lakat sebagai upeti agar raja itu bersedia membantu Prabu Hirman melawan Madinah.

Raja Lakat terpikat akan kata-kata halus dan merendahkan diri dalam surat Raja Medayin, apalagi ia sangat tertarik akan kecantikan putri Medayin yang dipersembahkan. Akhirnya ia menyanggupi untuk membantu Prabu Hirman dalam menggempur Madinah. Dorongan terbesar datang dari Sang Putri persembahan dari Medayin, yang tak mau diperistri Raja Lakat, sebelum rasa dendamnya terbalas. Sang Putri adalah rajaputri Negara Suwayan, masih termasuk kerabat Prabu Hirman. Mula-mula Negara Suwayan ber-sahabat dengan Madinah, namun karena suatu hal, Negara Suwayan diserang oleh wadya bala Madinah. Ayah Sang Putri tewas dalam perang, ibunya diboyong, dan sejak kecil Sang Putri diambil oleh Prabu Hirman. Kini Sang Putri menuntut balas, ia baru mau diperistri Prabu Dawilkusen, setelah Sang Prabu dapat menaklukkan Madinah. Maka itu Patih Bakhtiar yang diutus untuk meminta bantuan, dapat dikatakan sangat berhasil. Raja Lakat segera menyiapkan para rajanya dengan seluruh wadya bala mereka yang berjuta-juta orang banyaknya. Seluruh kekuatan Lakat dikerahkan untuk menggempur Madinah, yang dianggap merusak tatanan yang ada dengan menyiarkan aturan baru yang dinamakan Agama Islam.

Berita tentang maksud Raja Lakat untuk menggempur Madinah dalam membantu Raja Medayin, telah sampai pula di Madinah. Nabi Mohammad s.a.w. dengan para sahabat dan para pimpinan perangnya, bermusyawarah siapa yang sepantasnya akan dijadikan senapati atau panglima perang dalam melawan bala tentara Negara Lakat itu. Musyawarah diadakan agar terdapat kemufakatan dari semuanya; jadi tidak akan ada salah pengertian maupun saling menuduh.

Banyak alasan-alasan yang diajukan mengenai nama-nama calon senapati yang dikemukakan. Ada yang menyarankan Abu Bakar, Umar, Usman, para sahabat Nabi ada pula yang mengusulkan Abas, paman Nabi ada pula yang berpendapat sebaiknya Ambyah atau Sang Agung Menak, paman Nabi, yang telah tersohor di seluruh dunia. Semuanya keluar dengan alasan yang menurut Nabi semuanya itu dianggap baik dan bernalar. Ada lagi yang mengusulkan Sayidina Ali, saudara dan menantu Nabi, dijadikan

panglima perang. Namun datang berita bahwa Ali sedang menderita sakit cukup parah, bahkan hingga jatuh pingsan. Dewi Fatimah,istrinya, sangat sedih hingga mencucurkan air mata. Putri yang tak pernah menangis dalam menghadapi kesulitan, ketika menjatuhkan air mata, seakan-akan seluruh alam berikut sedih. Hujan turun dengan lebatnya, bumi bergoncang, cemas ketakutanlah burung-burung dan hewan-hewan lain. Namun ketika yang sedang sakit diberi kabar bahwa akan terjadi perang besar dan maha hebat, seolah-olah hilanglah sakitnya. Bahkan Sayidina Ali minta pakaian keprajuritannya, namun bagaimana besar kemauannya, ia terpaksa belum dapat bangun untuk berperang. Sayidina Ali dengan Dewi Fatimah telah berputra dua orang, Hasan dan Husein. Sekian dahulu cerita yang dikisahkan dalam buku ini. Cerita selanjutnya ialah yang tercantum dalam buku berjudul Menak Lakat.

Sekian.

Perlingayi Mengk Ibagat

perku ini Cetita segerutinuya isip angg
Hessa han Hessa. Sekeun dajuan celtias arse dirigesipan dunes
Gebilignas All gendean Dewi. Latunip telenip perbutus han orane
Kemununganaya, is telbakes perlu dasar perduan nultuk perbesar
All minis berasian kedistumitawa, hunaun pagaiwanan perer
wafas iepat, seofat-otop pifitulejep sakituya. Bosphorus Sabayina
segudan saikit dipetani kesaan teljati berjung perer
laj perung-purung dan pesan-hewan iini. Namun ketika laue
Hella turun deutan jepatua, puni perlonganu, celung ketekuanu-
moluksutukun si uas, seskar-akron seluruh sitem perer
awas iek berlisp menulis diajan mengababi kesalihun, ketika
tuis sakiti cakub basip, patikau piplaga istripi piplagan Dewi Ls-
buangpura berlise. Namun dasan petitis peras. All sedang mende-

1. SAMBETIPUN WONG AGUNG NGLURUG DHATENG MUKABUMI.

Dhandhanggula.

- 1. Duk miyarsa angandika aris,
wau Jeng Sultan Kamidilngalam,
heh yayi Prabu Gulangge,
wangsite guruningsun,
yen sun uwis angrusak benjing,
tanah Mukabantala,
yeku kunduringsun,
ketemu lan Rasulullah.
apa iya tuhu wartane si Drewis,
laire Niyakengrat.**
- 2. Kang saestu panutuping Nabi,
kang mustapa ing para Ambiya,
mulya dhewe sarengate,
yen salameta besuk,
praptaningsun ing Mukabumi,
sira besuk sun gawa,
umarek Jeng Rasul,
begia kabeh sanakingwang,
yen kongsia angaras padaning Nabi,
satuhunira rahmat.**
- 3. Samya suka sagunging para Ji,
dyan paprentah andadekken lampah,
lah yayi Prabu Gulangge,
pira bobote laku,
marga marang nagara Dardis,
Pildandani Jadalsah,
Gulangge wotsantun,
nggih kawan leksa kewala,
boten kawrat ingambah ngantos sakethi,
destun keh pitung leksa.**

4. Angandika mring sagung para Ji,
padha karia mring nagri Rokam,
kadang-wangsaningsun kabeh,
aywa na lit tyasipun,
padha bae lan kang lumaris,
tan pendah ing ganjaran,
kang kari atunggu,
ya kutha gedhe ing Rokam,
lan kang nglurug angrusak ing Mukabumi,
yekti sun gawe padha.
5. Wus pinacak kang lumakyeng jurit,
Ratu kalih atus pitung dasa,
pinanci gawa wadyane,
ta'n langkung gunggungipun,
pitung leksa bala prajurit,
budhal saking ing Rokam,
angilen angidul,
sadina-dina lalampah,
rereb dalu wus angsal ing tigang sasi,
liya ingkang jajahan.
6. Wawatesan tanah Mukabumi,
gepok marga ereng-ereng jurang,
sayekti angel marginé,
larang pangan lan banyu,
lamun ana unggyaning warih,
pancaraning jujurang,
kedhik ethuripun,
nagri setan kamanungsan,
larang banyu lan tan ana beras pari,
bukti daginging kewan.
7. Wong bumine mangsa sami janmi,
kang anginum gegetihing kewan,
urute nagara akeh,
wus lami lampahipun,

katelanjur praja sawiji,
nenggih kang duwe praja,
ratu kadangipun,
nguni Gajimandalika,
Sang Argajimandasuwi kadangneki,
tumut tanah Jadalsah.

8. **Sigra wau kendel pacak baris,**
jawi kitha ubekan ing warta,
wong bumi masang kemate,
cinatur ratu iku,
arinira Sang Rajagaji,
Huktur Amandalika,
pan sami gunkipun,
murdane pan murda warak,
angga janma Sang Argajimandasuwi,
tate tan kundur ing prang.

2. NAGARI MUKABUMI BEDHAH, RATUNIPUN PEJAH.

Durma.

1. Dyan Dipati Tasikwaja kang dinuta,
maringken surat aglis,
sigra Umarmaya,
sah saking pabarisan,
prapteng jro kitha ing kori,
eram tumingal,
wong ing jro kitha sami.
2. Mesum-mesum tan ana wong kang darbe rah,
galembus pucet putih,
asawang kunarpa,
lumrah wong sanagara,
Sri Argajimandasuwi,
nuju sineba,
kagyat kang tunggu kori.
3. Aningali praptane Sang Adipatya,
sarya amundhi tulis,
sigra tur uninga,
prapta ing panangkilan,
umatur mring kang Ginusthi,
Prabu Kanoman,
Argajimandasuwi.
4. Dhuh pukulun ing kori wonten cundaka,
dutane kang abaris,
kang angirid bala,
Sultan Kamidilngalam,
ing uni ingkang mejahi,
raka paduka,
Sri Uktur Rajagaji.
5. Duk miyarsa kagyat nulya angandika,

Argajimandasuwi,
sira timbalana,
wong ngare kang caraka,
apa rupane wong wani,
nglurug mring arga,
mesat wong jaga kori.

6. **Prap teng kori Umarmaya ingandikan,**
kerid anulya prapti,
ngarsane Sang Nata,
eram Sang Tasikwaja,
mulat ing warna Sang Aji,
dubilah setan,
dudu umat sayekti.
7. **Gya tumenga Marmaya ngaturken surat,**
Argajimandasuwi,
anampeni sigra,
binuka sinuksmeng tyas,
penget iki surat mami,
Sultan Kuparman,
ing uni kang mateni.
8. **Kakangira nguni Ukturmandalika,**
ratu anglanlangi,
mring ngare lalana,
nganciki bumi liya,
mumuruk among sajanmi,
ratu bang wetan,
keh tulad kang para Ji,
9. **Wawarahing panggawe kang nora layak,**
mung Rokam ingkang wani,
tan arsa tirua,
nora pinagut ing prang,
saanane prapta mami,
sun gawe lunas,
kakangira ing uni.

10. Heh sireku apa tiru kakangira,
pratingkah kaya eblis,
mati siya-siya,
yen sira nora arsa,
tulad pratingkahing eblis,
mawaa iman,
anungkula den aglis.
11. Duk nupiksa tan dugi amaos surat,
Argajimandasuwi,
langkung dukanira,
gya sinebit kang surat,
heh cekelen duta iki,
langguk pepeksan,
rumagang kang prajurit.
12. Umarmaya mesat luhur tigang dasa,
anjog ing kori jawi,
anyanjata kaca,
bubar sagung wong seba,
Kya Umarmaya wus tebih,
mundhut dipangga,
Argajimandasuwi.
13. Ambubujung dhateng Arya Tasikwaja,
wadya kantun ing wuri,
yata sampun kontap,
Sultan Kamidilngalam,
teter mundhut kuda prapti,
wus tinitihan,
kawrat kaprabon jurit.
14. Cinamethi mamprung pun Askarduwijan,
wadya gung kantun tebih,
ing wuri tengara,
kumrap kang para nata,
Sang Argajimandasuwi,
sampun katingal,

nglegarang munggwing esthi.

15. Pinethukken mring Sultan Kamidilngalam,

Argajimandasuwi,

asru atatanya,

sira iki wong apa,

sun ambujung buron kami,

sira amapag,

wong wis tuwa sumekti.

16. Amethethe bentheyet kaprajuritan,

apa wongadol kardi,

marang Gustinira,

wus tuwa tanpa ngrasa,

kadi ngalem sun arani,

cara gedhea,

Wong Agung anauri.

17. Iya lanat ingsun kang duwe kongkonan,

kang sira bujung iki,

ya ta angling sugal,

gumuyu senggak-senggak,

kalingane sira iki,

kang ngirid bala,

angluruggi ing mami.

18. Apa sira nora akulak pawarta,

lamun ta dedeg mami,

satus pitung dasa,

egas sarta prakosa,

sira iku apan cilik,

mangsa kelara,

amungsuh lawan mami.

19. Anauri Jeng Sultan Kamidilngalam,

insa Allah yen ugi,

sinungan ing kuwat,

ing uni kakangira,

- iya padha lan sireki,
wus ingsun lunas,
samadyaning ajurit.
20. Sun tadhahi ing aprang sagendhingira,
singa tiwas amati,
krodha ngetab liman,
saarsa muter gada,
duk lumarap meh nibani,
madeg neng kuda,
Risang Surayengbumi.
21. Tinaduhan panglawening astanira,
siñabet pedhang aglis,
tugel baunira,
gumebrug pareng gada,
tedhak Sang Amir Mukminin,
sukune gajah,
pinedhang pagas kalih.
22. Sareng pejah ratu rebah lawan gajah,
Argajimandasuwi,
wadyane kang prapti,
wonten sasra kang medal,
wruh ratune wus ngemasi,
mulat wong Arab,
kang nusul akeh prapti.
23. Samya giris wang sul nulya tutup lawang,
para ratu kang prapti,
tuwin para putra,
samya ngrubung bangkenya,
Sri Argajimandasuwi,
tan roro gengnya,
lan Uktur Rajagaji.
24. Mandalika nanging kaot muka gajah,
Argajimandasuwi,

endhasira warak,
sigra sami nupiksa,
mrepeki lawang sademi,
alon ngandika,
Jeng Sultan Mirmukminin.

25. Kutha iki isi kabeh wong duraka,
padha mamangsa janmi,
angur binakara,
sigra denya parentah,
mring Dipati Guritwesi,
nanjata kaca,
majupat kithaneki.
26. Tuwin tengah nguncalan sanjata kaca,
sagung para prajurit,
amanahken samya,
ngundha sanjata kaca,
mubal dahana andadi,
kagila-gila,
untabe punang agni.
27. Gumarubug kadya langayuh ngawiyat,
tuhu ngebat-ebati,
gumuruh swaranya,
lir guntur arga yutan,
ahlul wirayat mengeti,
ing laminira,
ing patang puluh ari.
28. Sirepipun dadya awu jroning kitha,
saking bata kabesmi,
agenging dahana,
Wong Agung masangrahan,
sakilening kitha Besmi,
wonten lepennya,
ageng iline bacin.

29. Wonten praja satunggal dubilah setan,
nagari ing Jongsemit,
wadya sanagara,
tan ana nadhah sega,
mung jerowan kewan sami,
dene ratunya,
ati sato binukti.
30. Pagiliran pra dipati mantrinira,
ingkang nyaosi ati,
marang ratunira,
mila ilining toya,
abang aireng abacin,
bathanging kewan,
ingkang binuwang kali.
31. Mung atine ginjel pupusuh ingalap,
punika kang binukti,
sanagari pisan,
tan ana ngangge wastra,
mung kuliting kayu sami,
ingkang inganam,
rajut ingangge jarit.
32. Tan angangge agama ratu punika,
samya nembah ing geni,
lamun kesah aprang,
datan mawi gagaman,
mung tulang bantheng lan esthi,
kapraboning prang,
bandel julig ing wengi.
33. Amamaling angrogoh jrowan manungsa,
kang sami den pangani,
dadya wudhu ing prang,
asring den minta sraya,
mung bisane aprang wengi,
nyolong jerowan,

- ngenes mengsahe sami.
34. Raja Jongsir namane ratu punika,
kuthane ing Jongsemit,
asru angandika,
Sultan Kamidilngalam,
budhal ta payo nglurugi,
ing praja salah,
padha den ngati-ati,
35. Sun tekani wengi bae karsaning wang,
prajurit kang turanggi,
supayane aja,
iya kongsi miyarsa,
ginitik angob ing jurit,
rembag sadaya,
budhal saguning baris.
36. Amung kuda tigang leksa munggwing ngarsa,
wong dharatan neng wuri,
dene longkangira,
lalakon kalih dina,
bupati Ngrokam kang baris,
datan kawarna,
ing lampah sampun prapti.
37. Ing Jongsemit pukul sanga dalu prapta,
Dipati Guritwesi,
ngirid lampahira,
kang ngagem panah kaca,
kawan ewu datan luwih,
wus pinarakat,
santosa dan abani.
38. Adipati Guritwesi jemparingnya,
ingarah tibeng wuri,
pareng punang pasah,
kidul kulon lor wetan,

jro pura kang mubal dhingin,
geni ing jaba,
mubal sami nututi.

39. Sareng dadi ingkang dahana kumatar,
surak wadya prajurit,
ingkang tigang leksa,
neng lawang kitha wetan,
geger jro kitha swara tri,
tambah solahnya,
tan wruh mungsu neng wuri.

luneses meutisise sawi

Raja Jourgi nemase iatin banjir

kutipuse iiae Jourgeserit

sari meutisise

Raja Jourgesi nemase iatin banjir

Sutien Kamidibatetan

pudisit ts basao Blimbing

dan blerja sisip

batalia den dudu-titu

beluntuk kase tuisage

zabayaue sia

ts kongsi wiyates

mutik saezop iue janti

uunggasadeya

polipel aranuqing pase

ayung pada tineue leger wundawuk dudu

caat disertina neel anti

tau fongpouwir

teukon ksep qira

paniti Ngedjalan pert pase

qisatu tawiran

tsi tumbang sumbuq batur

jej Jourgesent tugej suau yehu labas

idjellu Gunimewi

ebay tembusing

tau usagedew banyu keceg

idamu emr desatu jemu

watu piutrasari

anchoas qae spati

qibat Cintawati jemutuweyan

mesarip tipeung way

bulasan binusang basap

pidji kujpon tot wetan

3. BALANIPUN WONG AGUNG SAMI KABESMI.

Pangkur.

1. Anglir gabah inginteran,
gegeripun ing jro kitha Jongsemit,
bingung tan bisa tutulung,
ubale kang dahana,
awor swara sanagara tri gumuruh,
cinatur salawe dina,
sirnane tapis kabesmi.
2. Dadi awu sanagara,
kutha salah setan tan ana kari,
baris wus samya kukuwu,
Sultan Kamidilngalam,
saha bala kang kari wadya wus kumpul,
baris wurining bengawan,
teterusan saking wukir.
3. Wukir kumendheng ing ngarsa,
lelempitan wukir ing ngarsa keksi,
akethen meru atepung,
ana kang lowah-lowah,
anyelani aldaka iku marga gung,
jembare amung sadhepa,
ingkang kenging den margeni.
4. Gunung kiwa tengenira,
pinggir margi kapit ing jurang bangbing,
yen wong dharat kang lumaku,
kering jajar titiga,
yen turangga sajuga lumaku selur,
Jeng Sultan Kamidilngalam,
gunem lan sagung para Ji.
5. Prabu Gulangge turira,
langkung gawat inggih margi puniki,
kitha ing Kristam puniku,
ratune Raja Barwar,

- boten saged prang dhadha ratu puniku,
amung kemat paneluhan,
culika wong sanagari.
6. Tan wonten ngingu gagaman,
mung satunggal inggih pangot panulik,
mung satengah panjangipun,
sajempol genging samya,
tan katingal aneng epek-epekipun,
methet jajantung karyanya,
aneneluh langkung bangkit.
7. Yen kadhang-kadhang purun prang,
sabalane mung gendhong sela sami,
pan kinarya gutuk mungsuh,
tuhu nagri musibat,
abisikan Sang Rajeng Kristam puniku,
binathara Raja Barwar,
patihira akakasih.
8. Dudurmulur tukang kemat,
datan nginum ing toya amung getih,
ing sato inumanipun,
lumrah wong sanagara,
babayine inggih tan na nginum banyu,
Jeng Sultan Kamidilngalam,
ngundhangi wadya lumaris.
9. Budhal sami nenggel arga,
wus angilen pan angsal pitung ratri,
ngambah wewengkoning gunung,
kang angel marganira,
pan sawulan marga kang gawat kalangkung,
arereb tan na kakaywan,
mandhilis saben kang wukir.
10. Nanging buron langkung kathah,
warna-warna binereg samya gampil,

dening kapengkok ing gunung,
Wong Agung masangrahan,
akakadhar yen enjang sakilen gunung,
yen lingsir sawetan arga,
malah karya esong sami.

11. Angguwa sukuning arga,
yen tengange ing ngriku kang den enggeni,
pra samya suka buburu,
daging sato kewala,
kang kinarya nadhah sangune anglurug,
mila lami kendelira,
kalumpuk anandho daging.
12. Yata ingkang kawuwusa,
rajeng Kristamardis lagya tinangkil,
kyana Patih Dudurmulur,
nangis sarwi tur sembah,
duhu pukulun atur tiwas abdinipun,
wonten parangmuka prapta,
sampun minggah srenggeng wukir.
13. Lagya kendel lalangenan,
ambebedhak suka burone gampil,
kapengkok ing gunung-gunung,
tinandha kang bebedhak,
langkung tebih ajal kamulane mungsuh,
inggih saking tanah Arab,
saking ngriki tigang warsi.
14. Inggih Wong Agung punika,
saking timur lalana andon jurit,
anjajah praja gung-agung,
kukutha ing Kurparman,
angasorken para ratu agung-agung,
duk anome apaparab,
pun Kalana Jayengmurti.

15. Ing tengah tuwuh lokingrat,
apaparab Risang Surayengbumi,
ing mangke pan sampun sepuh,
Sultan Kamidilngalam,
kitha Jaminambar menggih raja Rabus,
Samawati Saesalam,
kang angreh ratu sakethi.
16. Inggih punika kang bedhah,
pinejahan Sang Rabus Samawati,
binubrahan langitipun,
tuwu yen tanpa lawan,
soring wiyat katawis tan wonten purun,
mangkat saking nagri Ngrokam,
panglurugipun mariki.
17. Ngidul ngilen saking Ngrokam,
boten bekta bala kathah ming kedhik,
winatawis marginipun,
kitha Jongsemit sirna,
Raja Jongsisir pan tumpes sabalanipun,
miwah kang wus tutumpesan,
pun Argajimandasuwi.
18. Paran ing tingkah punika,
boten sande gempur ing Kristamardis,
Sang Hubarhuwar lingnya sru,
heh bapa paprentaha,
kiwa tengen ing marga selaning gunung,
kabeh pendhemana obat,
kari lalakon dwi ari.
19. Mumpung mungsuh taksih tebah,
den arikat ngusungi obat sami,
sigra patih Dudurmulur,
undhang wong sanagara,
prapta kethen ayutan kang ngusung-usung,
obat binekta ing marga,

Kya Patih ingkang angrakit.

20. Saking wa tengening marga,
pinendheman obat sadaya sami,
tuwin susukuning gunung,
tinurut maring tengah,
pan ing pucak kinathahan obatipun,
pinrih tibanning dahana,
nangkebana kang lumaris.
21. Lalampahan kalih siyang,
pira-pira obat kang den pendhem,
warata selaning gunung,
gununge kinathahan,
ing sukune tengahe lan pucukipun,
ingkang kinathahan obat,
Kya Patih anuduh dasih.
22. Ingkang badhe anyumeda,
wetan ngidul kulon den anyarengi,
kira-kira kang lalaku,
Sultan Kamidilngalam,
sabalane yen prpta madyaning enu,
ing wuri wiwit nyuleda,
anulya ing kanan kering.
23. Yen wus dadi kering kanan,
miyah wuri ing ngarsa nyuled kari,
wus telas pitungkasipun,
mantuk Rekyana Patya,
lajeng marek ing Hubarwar ratunipun,
matur dados kang paekan,
langkung sukané Sang Aji.
24. Kuneng malih winursita,
kang makuwon Wong Agung saha dasih,
buburu keh antukipun,
prajurit samya suka,

- denya gampil katanggor ing gunung-gunung,
buron akeh warna-warna,
wus sami anandho daging.
25. Pan sami winot ing kuda,
sigra budhal Wong Agung saha dasih,
lalampahan wolung dalu,
prapta ngen pirantinya,
tengah-tengahing piranti nulya pungkur,
kanan kering sinuledan,
sareng ubale kang agni.
26. Jumeglug swaraning arga,
agni mumbul mulat-mulat nibani,
warata kang gunung-gunung,
dadi agni sadaya,
miyah ngarsa nusul mulad dahana gung,
wadya gung tambuh solahe,
den ira kinepung agni.
27. Pra samya nangis sadaya,
dene datan antuk nyimpangi margi,
turangga giwar kacemplung,
ing jurang lajeng pejah,
lan kang nitih ing wuri pan kathah lampus,
Jeng Sultan Kamadilngalam,
ngraos praptaning bilai.
28. Nulya emut ing wentahan,
suranira kang saking Nabi Kilir,
kamanden paju manguntur,
duk ana ing Jabalkap,
tedhakira sutra kamanden puniku,
mangkya mut sigra ingalap,
ingulur nguwuh para Ji.
29. Miyah prajurit kang celak,
lan unggylene Gusti wus den timbali,

kinen anggepok puniku,
ing kamanden wisesa,
taweng geni antuk wadya tigang atus,
kang sapuluh para raja,
pitu wayah lawan siwi.

30. Asrep katiban dahana,
kang ing wuri ngarsa tumpesan sami,
pira ta ing cacahipun,
prajurit pitung leksa,
amung kantun tigang atus pitung puluh,
kang katututan kacandhak,
ing kamanden taweng agni.
31. Saya ndadi kang dahana,
gunung guntur gumuntur swaranya tri,
ing jro kitha myarsa sampun,
swarané kang dahana,
Raja Barwar wus miyos sabalanipun,
ciptarsa anduduluwa,
tumpese mungsuh kang prapti.
32. Tan kathah ambekta bala,
mung sakethi tan kantun Kyana Patih,
adharat sadayanipun,
prapta ampeyan arga,
sawijining geni wau kendelipun,
andhedheg sabalanira,
kuneng kang amanggih kingkin.

4. WONG AGUNG AMBEDHAH NAGARI PILDAANDANI.

Asmaradana.

1. Langkung prih driyanira Mir,
anangisi wadyanira,
kang tumpes pawaka kobong,
nalangsa ing tingkahira,
matur kang para nata,
dhuh Gusti sampun winuwus,
kang abdi suka ing titah.
2. Tan pae pejah ing jurit,
sami antuk Sabilullah,
ature Prabu Gulangge,
sampun titahing Hyang Suksma,
kang pejah ing dahana,
langkung sami suka sukur,
tan wonten garantes ing tyas.
3. Lega tyasira miyarsi,
Jeng Sultan Kamidilingalam,
myarsa tur Prabu Gulangge,
eca genira lalampah,
sakathahing dahana,
kuda Skarduwi tinuntun,
kang taksih taweng dahana.
4. Turanggane kang para Ji,
samya tumpes ing dahana,
mangkana wau lampuhe,
kang tri atus pitung dasa,
sami angeca-eca,
neng jrone dhana murub,
asrep tan angrasa panas.
5. Sawedale saking agni,
aningali baris aglar,

akethen pan dharat kabeh,
wau kalane tumingal,
Sultan Kamidilngalam,
mangsa wadya tigang atus,
lan narpati pitung dasa.

6. Wantu kathah lawan kedhik,
kathah ngurugan pepejeh,
para ratu mangsa kabeh,
sampun anith turangga,
Sultan Kamidilngalam,
angerukken pedhangipun,
angramped Usamadiman.
7. Ubekan madyaning jurit,
ana mati ana ora,
keneng watu babalange,
wau kang mungseng ing aprang,
Sultan Kamidilngalam,
Raja Barwar wus kapranggul,
pinedhang janggane pagas.
8. Papatihe angemasi,
luluh katiban ing gada,
denira Prabu Gulangge,
kang wrin ratune wus pejeh,
lumayu ngungsi kutha,
wong Arab kang tigang atus,
wus mati sabil sadaya.
9. Mung kantun para narpati,
kang pitung dasa kewala,
mrepeki kitha korine,
mempen bala ing jro kitha,
wus kinen ananjata,
kaca mring dyan Pulangkewuh,
wanti-wanti sinenjatan.

10. **Wus kobar dahana dadi,**
busekan wong sanagara,
ing pitung dina sirepe,
wus dadya wu kuthanira,
lawan isine pisan,
awendran manungsanipun,
kang sami abadan setan.
11. **Sawiji tan ana kari,**
mangkana wau kawarna,
ratu pitung puluh kabeh,
nenggih ing puniku mangsa,
denya nama sakabat,
tanpa rewang para ratu,
mung sami badan sajuga.
12. **Ngupaya pakuwon manggih,**
soring gurda teweng toya,
ing ngriku samya areren,
tak antuk dhahar myang nendra;
Sultan Kamidilngalam,
kagagas prajuritipun,
kang pejah dening dahana.
13. **Umatur saha wotsari,**
satriya ing Parangteja,
paran ginagas tan sareh,
ing reh pan sampun sinedya,
kang pejah lan kang gesang,
pan sami utamanipun,
ngling Sultan Kamidilngalam.
14. **Ing panyananingsun yayi,**
kabeh padha ingsun gawa,
sanakingsun para katong,
ngujung ing Nabi Mustapa,
yen wus pakaryaningwang,
para ratu kang rong atus,

- kang sun gawa munggah arga.
15. Amupus titahing Widhi,
nanging katon tresnaningwang,
ngendika marang Galungge,
ngendi yayi malih praja,
ingkang sami duraka,
Prabu Gulangge umatur,
inggih ing ngajeng punika.
16. Nagari ing Pildandani,
tunggile tanah Jaldahas,
kakalih sanak ratune,
inggih sami mangsa janma,
raja Nurjab lan Marjab,
murda esthi kalihipun,
langkung duraka niaya.
17. Akethen balane sami,
asuka amajuh janma,
datan wonten panutane,
amung agamane setan,
Sultan Kamidilngalam,
nedya mring praja puniku,
tan sah ratu pitung dasa.
18. Alon denira lumaris,
satitah datan rekasa,
dene ratu dharat kabeh,
Wong Agung nimbangi dharat,
kuda Sekarduwijan,
kikinthil ing wurinipun,
cinarita nulya prapta.
19. Jawi kitha Pildandani,
ratune sampun miyarsa,
yen na prapta prangmukane,
prawira mung pitung dasa,

**Sultan Kamidilngalam,
kang arsa ngrusak puniku,
jajahan Mukabantala.**

20. **Sigra denira medali,
Raja Nurjab Raja Marjab,
aglar ing jawi kithane,
katon mungsuh pitung dasa,
suka asenggak-senggak,
angatak ing wadyanipun,
Raja Nurjab Raja Marjab.**
21. **Umangsah kumerab sami,
gagamane amung sela,
lawan sasawat kemawon,
wong kethen sawadya sela,
Gulangge aturira,
lamun suwawi pukulun,
paduka nitiha kuda.**
22. **Wong Agung sigra anitih,
ngamuk ratu pitung dasa,
kang tinempuh akeh longe,
wantu gagaman mung sawat,
kalawan sela-sela,
tan miyatani tinempuh,
akeh mati pinnedhang.**
23. **Ratune katon agadhing,
sinander lajeng pinnedhang,
wus pegat utamanggane,
Raja Nurjab ingkang tuwa,
arine duk tumingal,
Raja Marjab nander gupuh,
karungkeb tangi tan bisa.**
24. **Gadhinge tumanceb siti,
sigra winuwung ing pedhang**

saking turangga janggane,
wus pisah kalawan angga,
bala mawur mring kitha,
pira-pira ingkang lampus,
ingamuk kang para raja.

25. Pra samya atutup kori,
wong Pildandani sadaya,
Dipati Tasikwaja ge,
kitha sinanjata kaca,
pinaju pinarapat,
pitung dasa para ratu,
angundha sanjata kaca.
26. Wus kobar analad dadi,
gumuntur angayuh wiyat,
sadasa dina sirepe,
tumpesan wong sajro kitha,
dadya awu sadaya,
panggung maligene gempur
kithane rebah sadaya.
27. Sirna kitha Pildandani,
sampun dadya ara-ara,
Wong Agung kendel makuwon,
ngara-ara tepeng toya,
ing ratri samya bakar,
daginge sato anutug,
tuwuk pra samya dhinahar.
28. Samana agunem sami,
Jeng Sultan Kamidilngalam,
ndangu mring Prabu Gulangge,
yayi prabu ngendi baya,
malih araning praja,
Mraja Gulangge umatur,
inggih ingarsa punika.

29. Talsamat kitha ing ngarsi,
inggih sami tanah Jaldas,
duk Nabi Nuh sarengate,
sampun wonten kang nagara,
tan wonten bisa aprang,
sagede amung neneluh,
anyiluman awor setan.
30. Pagurone wong sabumi,
wong kang neluh narayana,
karya mengi karya lempoh,
sayekti saking Talsamat,
ngelmane mila-mila,
tan liyan saking ing ngriku,
amaratani ing jagad.
31. Pun kaki buyut ing uni,
udheg-udheg miyah canggah,
tuwin inggih kaki wareng,
gantung siwur miyah grepah,
samya miyarsa kojah,
lamun Talsamat puniku,
ratunipun paneluhan.
32. Wite manungsa sayekti,
samya karem awor setan,
abesan rabi-rinaben,
lan iblis saeka polah,
samya kasengsem tunggal,
sabarang pakartinipun,
sacop pakartining setan.
33. Jin kapir kalawan dhemit,
wil gandarwo sami nunggal,
ilu-ilu kalung bondhet,
pelekunthung lan galidrah,
busung kelip kalayap,
kekeblek penges akumpul,

thethakan aneng Talsamat.

34. Enjing budhal amarani,
amrep kutha ing Talsamat,
ing tigang dina lampuhe,
prapta kithane katingal,
sampun pinarepekan,
laleyanira amunggul,
nanging amamring kewala.
35. Wong agung samya mriksani,
sadaya miyarsa swara,
pating kalenyet swarane,
ririh kadi ririndingan,
Sultan Kamidilngalam,
angubengi kithanipun,
lawan sabat pitung dasa.
36. Wusnya tepung kendel sami,
aneng sawetaning kutha,
ing pinggir bata areren,
narapati pitung dasa,
Sultan Kamidilngalam,
aken karya andha sampun,
kinarya angroning kamal.

5. WONG AGUNG AMBEDHAH NAGARI TALSAMAT

Sinom.

1. Kang andha pinasang nulya,
aneng batane kitheki,
Wong Agung alon ngandika,
sapa pantes angunggahi,
mariksa jro kitheki,
Prabu Gulangge umatur,
inggih Gusti kawula,
Wong Agung ngandika aris,
lah ya yayi nanging ywa kurang prayitna.
2. Prabu Gulangge tur sembah,
andha sampun den unggahi,
saprapthane nginggil mulat,
ing jro kitha kang kaeksi,
wonten papan aresik,
sangandhaping gedhong aub,
kewan alit kumpulan,
trenggiling jalarang bajing,
tikus werok kethek bajang lutung bajang.
3. Miwah warangutan bajang,
anabuh gamelan alit,
sajeruk keprok sadaya,
sabarange sarwa alit,
kodhok kintel njogedi,
kang kinarya jebengipun,
bawang lawan berambang,
kakara pedhange sami,
pan auyel ing ngriku pasange kemat.
4. Singa mulat samya suka,
kapingkel-pingkel kapati,
pinareng empaning kemat,
Raja Gulangge ningali,

- suka gumuyu belik,
kapingkel-pingkel tan emut,
marang sariranira,
nulyanjog tiba ing siti,
pan kalenger nendra kadya kapidhara.
5. Jeng Sultan Kamidilngalam,
angungun langkung prih galih,
Lamdahurst marek ing ngarsa,
yen wonten bilah Jeng Gusti,
amba mariksa mangkin,
punapa ingkang kadulu,
wong agung angandika,
heh iya den ngati-ati,
aja sira umanjing sajdroning kitha.
 6. Ature Sang Prabu Selan,
boten niyat datan ngimpi,
lumebeta kitha amba,
nembah minggah andha aglis,
sapraptanira nginggil,
kapingkel-pingkel gumuyu,
lali marang sarira,
gya anjog mring kitha aglis,
sapraptane ngandhapan lajeng anendra.
 7. Sami sagah tan sembada,
sagung kang para narpati,
singa kang minggah mangkana,
tan ana kuwatireki,
eram sadaya sami,
para ratu pitung puluh,
sadaya wus mangkana,
sanggupe kapati-pati,
nora nedya gumuyu lan manjing kitha.
 8. Para ratu pan sadaya,
tan beda solahe sami,

mung kantun dyan Umarmaya,
umatur kawula mangkin,
mariksa ing para Ji,
kang samya apes gumuyu,
kenging kemating setan,
kawula mangke ngekahi,
amejahi ing napsu mantun sembrana.

9. Wong Agung alon ngandika,
tuwanana kang dipati,
poma den eling panggodha,
gya Umarmaya macilil,
tan nedya boten ngimpi,
apesa kening ing tenung,
sa Allah den pitaya,
andha sampun den enciki,
lajeng minggah saprataning nginggil bata.
10. Dhasar ratuning sembrana,
Marmaya sajege urip,
dupi ngungak jroning kitha,
kodhok sami bekxa lembing,
berambang tameng neki,
Marmaya supe tan emut,
enget gujenge latah,
kapingkel amijet ati,
tan antara Marmaya anjog jro kitha.
11. Wong Agung kari anggana,
kalangkung denya prihatin,
cipta praptaning antaka,
sumurup baskara tis-tis,
sadalu merem melik,
ratuning sekel kalangkung,
sare tabuh sakawan,
sakedhap anulya ngimpi,
supenane aningali langit bedhah.

12. Ana palangkan kancana,
tumurun saking ing langit,
isi kaki-kaki wreda,
Wong Agung sigra marani,
ngrau padan tan sari,
umatur sinten pukulun,
kaki-kaki angaras,
ing sirah sarwi nauri,
aja maras sun iki luluhurira.
13. Luhurira ming sadasa,
ya ingsun Nabi Ibrahim,
marmane tinjo mring sira,
dene kaliwat wiyadi,
sanak-sanakireki,
para ratu pitung puluh,
padha kalebeng kitha,
aja maras nora mati,
lagya padha kakenan kemating setan.
14. Kutha iki kubengana,
lamun ana kate putih,
nulya jemparingen enggal,
yen kate putih ngemasi,
iya iku pan dadi,
wong sakutha nyawanipun,
kabeh uwong Talsamat,
kang nyiluman laku iblis,
pan angumpul nyawane neng kate pethak.
15. Yen matia kate pethak,
wong sakutha kabeh mati,
apa isining jro kitha,
sato kewan kabeh mati,
rayap semute mati,
myang batane kutha rubuh,
kabeh rebah balasah,
karia babo den eling,

nulya kagyat awungu Sang Kakungingrat.

16. Enggene sare angambar,
sarira sakujur wangi,
den mentar anyangking raras,
banon kitha den ubengi,
temugelang wus panggih,
kate putih mangkruk-mangkruk,
salisik luhur bata,
kate putih jinemparing,
kena ndhase kumeyok tibeng bantala.
17. Musna punang kate pethak,
jumerug swara kapyarsi,
gumebrug rebah ing bata,
kagyat kang para narpati,
kadya wungu aguling,
mulat kabeh bata rubuh,
Sultan Kamidilngalam,
kontap jumeneng pribadi,
pinalayon para nata ngaras pada.
18. Wong Agung alon ngandika,
sanakingsun kang para Ji,
sadaya karaning apa,
suka gumuyu ambelik,
padha lali ing dhiri,
umatur kang para ratu,
dhuh Gusti amung Tuwan,
kang tinitah anglangkungi,
ing sasama inggih samaning tumitah.
19. Tuwin ature Marmaya,
paringise rada isin,
sanggupe tan kaleksanan,
umatur kang dadi warti,
gujenge kang para Ji,
ing purwa madya wus katur,

- Sultan Kamidilngalam,
pangandikanira aris,
sewu sukur ana pitulung Hyang Suksma.
20. Nyawane wong sanagara,
wus gusis awor lan iblis,
amung ratune Jaldahas,
mangkana pariksa sami,
tilas sajroning puri,
amung kari gedhong agung,
kinunci korinira,
kuncine kinen angambil,
para ratu gantya-gantya kang amokah.
21. Sinapuluh nora pokah,
pitung puluh kang para Ji,
kunci tan owah akekah,
Wong Agung alon marani,
nulya cinandhak aglis,
dinaut sampun kadaut,
korine wus kabuka,
sigra manjing gedhong sami,
nora ana isine mamring kewala.
22. Amung pethi siji dawa,
rong atus asta pesagi,
nulya sami ingungkaban,
ratune Jaldahas mati,
aneng sajroning pethi,
durung suwe tilasipun,
sedheng antaranira,
patine kang kate putih,
maksih bingar dereng alum kang sarira.
23. Kadya wong mati kadadak,
tinekak maksih malirik,
ngulone kitab akathah,
sewu koras winatawis,

lawan ing kanan kering,
binuka pan ungelipun,
rakite paneluhan,
tan ana unine malih,
pangobatan paneluhan taragnyana.

24. Rupane maksih manungsa
nanging irunge kakalih,
ana ing tenggok satunggal,
kupinge papat neng gigir,
jisim den olak-alik,
kang anon getun angungun,
kinen babayang medal,
sapraptanira ing jawi,
wus binakar sareng lan kitabe pisan.
25. Tinunu kabeh Talsamat,
sirna labete jro puri,
Wong Agung amasanggrahan,
mungging satepining beji,
sami ngratengi daging,
ratu sabat pitung puluh,
bekta kuwali waja,
wesi sabarangireki,
lawan ejam alit kang maksih kabekta.
26. Kontrag bumi ing Talsamat,
sawengkon watesing langit,
sapejahiria Jaldahas,
kekes prayangan jin kapir,
kalinthuh bondhet owl,
topeng-reges waluh-klunthung,
gegere apuyengan,
gumrubyug den ira ngili,
ajrih mulat mring Sultan Kamidilngalam.
27. Dene wruh apesing setan,
lawan apesing dhedhemit,

- bedhah kutha ing Talsamat,
wruh nyawane wong sanagri,
ana ing kate putih,
ngendi antuke pitutur,
datan amukul ing prang,
mungseng mung kang kate putih,
pinrih pejah kate putih wong Talsamat.
28. Mati bala sanagara,
tekan ratune ngemasi,
Jaldahas datanpa bisa,
gumuling sajroning pethi,
binakar bangkenya glis,
sinareng lan kitabipun,
jaman Nabi Nuh kina,
durung ana ingkang wani,
amung mangke rusak Talsamat Jaldahas.
29. Palayune iblis lanat,
setan kamanungsan sami,
lan manungsa kadhemitan,
ngidul ngilen sami manjing,
talaga jroning bumi,
puniku pan lawangipun,
ngungsi kutha Marohan,
punika sajroning bumi,
nama Rohanmarohan kang darbe praja.
30. Punika putreng Jaldahas,
pututane lan putri blis,
sang raja Mayimaruhan,
setan kang madeg narpati,
aneng Talsamat nguni,
puniku ingkang mumuruk,
teluh-teluh tragnyana,
ing lempoh parias gumigil,
ngelu mules sambang undhuk sambang erah.

31. **Nora na kang bangsa aprang,**
mung neluh gunane sami,
dene sang raja Jaldahas,
wite manungsa sayekti,
nanging ninekne eblis,
nagri Talsamat berancuh,
setan lawan manungsa,
wus carub pakaryaneki,
ingkang dadi rabine raja Jaldahas.
32. **Putrine Mayimaruwan,**
namane Wimayirejis,
sang raja Jaldahas nulya,
pinasrahan narapati,
mring maratuwaneki,
nagri Talsamat puniku,
ri sang Raja Jaldahas,
sampun patutan kakalih,
sami kakung lawan putri saking setan.
33. **Anulya pejah Jaldahas,**
lan garwa sang putri eblis,
anake Mayimaruwan,
sira dewi Mayirejis,
ngadhaton jroning bumi,
kinen momong putranipun,
raden Rohanmarohan,
Jaldahas akrama malih,
lawan putri Jongsemit putra satunggal.
34. **Estri suwarna yu endah,**
Ni Dewi Yarunayanis,
diwasa kinan ndhereka,
mring ibu kuwaloneki,
Sang Dewi Mayirejis,
neng Talaga Mandha mundhu,
yeka minangka lawang,

saketheng nagri jro bumi,
nagarane ginambuh Rohanmarohan.

Gambuh.

1. Malih ingkang winuwus,
Sultan Kamidilngalam andangu,
yayi prabu Gulangge apa ya maksih,
kutha bek setan acarub,
Prabu Gulangge turnya lon.
2. Inggih taksih pukulun,
aming gatra putrane puniku,
sami adi kithane Selacendhani,
nung tan wonten isinipun,
apan asuweng kemawon.
3. Mung Talsamat puniku,
watese wonten manungsanipun,
nanging sami wus amor kalawan eblis,
liya punika pukulun,
nadyan manungsa wus amor.
4. Lan setan tingkahipun,
lamun tuwan tindakana wastu,
tanpa tuwas ayuda lawan dhedhemit,
tan caruk pupuh pinupuh,
mung paneluhan kemawon.

Serat Menak kajugag samanten, lajeng nyandhak Serat Lakat, serat sanes, nanging tunggil cariyos. Inggih punika taksih nyariyosaken lalampahani-pun Wong Agung Menak, wangslu dhateng Mekah, nyakabat Kangjeng Nabi Muhammad, ngantos dumugi sedanipun nalika perang kaliyan raja ing Lakat.

anterioris brachialis Rami communicantes

Cervicalis

ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior

ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior

ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior

ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior

ramus communicans anterior
ramus communicans posterior
ramus communicans anterior
ramus communicans posterior

M E N A K L A K A T

Tetedhakan saking babon kagungan-pun Bandara Raden Ayu Cakradipura.

6. WONG AGUNG KUNDUR DHATENG MADINAH KEPANGGIH KANGJENG NABI.

Mijil.

1. **Wijiling tyas Jeng Rasullulahi,
datansah wirangrong,
datan pegat dongeng pakarane,
ingkang paman Ambyah datan prapti,
kesah saking Rabbi,
lalana don pupuh.**
2. **Sumelangnya ing galih Jeng Nabi,
yen kalunta dados,
tan uninga sarengat saline,
dadya kabumbang sira ing ngelmi,
yata Kangjeng Nabi,
dodonga esmu luh.**
3. **Sigra malaekat Jabarail,
sung salam sabda lon,
sampun dados galih tuwan mangke,
kados wonten pituluning Widhi,
Sang Anjayengjurit,
nenggih rawuhipun.**
4. **Nulya musna mulkan Jabarail,
Jeng Dutaning Manon,
sampun lega Jeng Nabi galihe,
kawarnaa duta Amir prapti,
sarwi bekta tulis,
Ng Abas kang jinujug.**
5. **Wus tinampan nenggih punang tulis,
sah titi duteng wong,
wus ingirid punang caraka ge,
Kangjeng Nabi pinarak ing puri,
lagya animbali,
kang sakabat catur.**

6. Kangjeng Nabi dangu gunging dasih,
agamanira wong,
kang wus padha carem ngibadahe,
kang wus padha surasa sejati,
pra sakabat sami,
wotsekar sadarum.
7. Turnya kathah umat tuwan Gusti,
brekah paduka wong,
ya ta malih Jeng Nabi de linge,
sewu sukur yen akeh mangreti,
pan careming ngelmi,
angel tedhasipun.
8. Kang saweneh lenger tan wrin westhi
dadya kumelajon,
kang saweneh tuna panggayuhe,
mung nggugoni ing laku sawiji,
tan wruh ing rasa di,
tokidira suwung.
9. Matur nuwun pra sakabat sami,
Jeng Nabi lingnya lon,
iku sira duwea pangangge,
papatuten sagaduking janmi,
yen tan milih-milih,
dadya tuna luput.
10. Tur sandika pra sakabat sami,
Sang Abas turnya lon,
Amir Ambyah utusan wiyose,
tur nawala kandhev wonten jawi,
gupuh den timbali,
duta prapteng ngayun.
11. Wus tinampan mring Bu Bakar sidik,
surat kinen maos,
gya Binuka nuwala tembunge,

- puji amba dhumateng Hyang Widhi,
lawan ingkang puji,
mring paduka Rasul.
12. Wiyosipun amba tur udani,
pun paman sumaos,
mangke maksih neng Kuspita angger,
badhe lajeng manawi nyabili,
angeget-egeti,
yen ginalih mungsuh.
13. Bab pun paman lalana wus lami,
keh samar punang wong,
yen wus wikan Gusti saderenge,
amba lajeng sowan Gusti Nabi,
mestuti ing galih,
minta reh rahayu.
14. Amba bekta pitung dasa Aji,
tri leksa gunging wong,
amba nungkak kang duta lampuhe,
pan aminta sufangating Nabi,
kang surat wus titi,
suka Kangjeng Rasul.
15. Abu Bakar anungkemi tulis,
kabyatan ing batos,
langkung oneng tambuh ing ciptane,
Sayid Abas waspanya dres mijil,
Ngumar Ngusman ngali,
ing driya kumepyar.
16. Angandika Kangjeng Nabi murti,
mring caraka alon,
paman Ambyah lah paran wartane,
karahayon tindake neng margi,
nulya awotsari,
duta aturipun.

17. Paman tuwan lan sagung para Ji,
sami karahayon,
nguni lerep Kuspita lampahe,
Kangjeng Nabi angandika malih,
sun methuk pribadi,
paman rawuhipun.
18. Lah ta age mentara den aglis,
mring paman sung anon,
duta sampun mesat sing ngarsane,
Kangjeng Nabi angundhangi dasih,
anulya miranti,
sabala supenuh.
19. Nulya miyos pra sakabat ngiring,
gumrah swaraning wong,
pan samarga andharat lampahe,
asung kurmat mring kang arsa prapti,
ganti kang winarni,
Menak Jayengsatru.
20. Siyang dalu datansah lumaris,
Risang Amir katong,
tan kawarna ing marga lampahe,
prapteng Madinah kang tepis wiring,
punang duta prapti,
umatur wotsantun.
21. Saniskara sadaya wus ngenting,
Amir truslheng batos,
sakalangkung susugun ing tyase,
pan ginelak den ira lumaris,
agya kapanggih,
mring Gusti Jeng Rasul.
22. Wus nuwela den ira lumaris,
ya ta winiraos,
Kangjeng Nabi wus kontap lampahe,

- gupuh Amir tedhak sing turanggi,
nulya malajengi,
mring Jeng Gusti Rasul.
23. Wusnya panggih rinangkul Sang Amir,
kalih sihira wor,
ingkang paman mungkul mastakane,
astanira ngrangkul madya Nabi,
Jeng Rasul mawanti,
angaras ingkang bun.
24. Suka suhud katesnane kesthi,
tan benggang sakaron,
mangusweng branta wulangun sihe,
lir wong layon mangke gesang malih,
lir baskara kingkin,
gya katrajeng mendhung.
25. Sru marwata sotane kang galih,
nir ingkang wirangrong,
wus jemeneng kang paman nulya ge,
genti-genti pra sakabat nuli,
jawab asta sami,
susugun ing kalbu.
26. Abas rangkul-rinangkul mawanti,
kang waspa dres miyos,
Ngali dangu angrangkul padane,
neng wulangun tyas trenyuh wus pulih,
lir mangsaning katri,
katibanan jawuh.
27. Myang pra raja sadaya pan sami,
jawab asta kang wong,
apadene Ki Umarmayane,
jawab asta mring Jeng Gusti Nabi,
myang sakabat sami,
jawab asta sampun.

- MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITjen KSAFE DEPBUDPAR
28. Nabi angling mring kang paman Amir,
sabdanira alon,
ingaturan rumiyin tindake,
swawi paman lumampah angarsi,
matur Bagendha Mir,
maring Kangjeng Rasul.
 29. Amba ajrih lumampaha dhingin,
leheng Duteng Manon,
tur kang mulyakaken umat kabeh,
tan prayogi yen amba dhingini,
pun paman langkung jrih,
dhumateng pukulun.
 30. Leheng Gusti tindaka rumiyin,
tur Nabi kinaot,
pan kinarya panutup Nabya keh,
sinung Kur'an ngracut Kitab dhingin,
wirayating nguni,
paman Betaljemur.
 31. Ri sampune tumuli Jeng Nabi,
tindakira alon,
pan rumiyin lan pra sekabate,
Bagendha Mir umiring neng wuri,
pra sakabat sami,
lumampah ing pungkur.
 32. Tuwin sagung pra nata prajurit,
supenuh punang wong,
nulya prapta Madinah lampaque,
duk samana Jeng Murtiningbumi,
gya pinarak nuli,
lan Sang Jayengsatru.
 33. Pan supenuh sakabat kang nangkil,
miwah para katong,
Umarmaya tan tebih lenggahe,

miwah wayahira Bagendha Mir,
ingkang nama Sahid,
neng ngarsaning Rasul.

34. Kangjeng Nabi angandika malih,
mring kang paman alon,
sinten paman satriya wastane
kang neng wingking matur Bagendha Mir,
ingkang nama Sahid,
pan wayah pukulun.
35. Kangjeng Nabi angandika aris,
mring kang paman alon,
yen marengi ing paman wiyose,
tuwan manuta agama mami,
Sayidina Amir,
sandika turipun.
36. Paman sampun sedya inggih Gusti,
agama kinaot,
pan salining kang sarengat kabeh,
tuwan panutan kasihing Widhi,
pun paman ngestuti,
sakarsa pukulun.
37. Pejah gesang Gusti anglampahi,
tan nggrantes ing batos,
Kangjeng Rasul aris ngandikane,
pan amulang Sadat Klimah kalih,
pranataning ngelmi,
myang kang limang wektu.
38. Bagendha Mir Umarmaya tuwin,
Sahid lan pra katong,
amiturut Nabi sapangrehe,
sigeg ingkang anggung olah ngelmi,
kocapa wong kapir,
kang kalajeng kupur.

7. PRABU HIRMAN NGLURUG DHATENG MADINAH

Durma.

1. Durmanira kang aneng Madayin raja,
kerigenan nungsa bumi,
nama Prabu Hirman,
putrane Sri Nusirwan,
amepak pra ratu kapir,
pan arsa ngrusak,
dhateng Jeng Nabi Murti,
2. Wus samekta sikep kapraboning yuda,
nembang tengara aglis,
gong maguru gangsa,
lir ombaking samodra,
wus budhal prajurit kapir,
kang bala kuswa,
pan pirang-pirang kethi.
3. Mangah-mangah lir saradula mamangsa,
sakathahe wong kapir,
sami sura-sura,
ngajap tempuking yuda,
enengna ingkang winarni,
nagri Madinah,
sira Jeng Nabi Murti.
4. Datan pisah kalawan kang paman Ambyah,
mulang patraping ngelmi,
myang Tilawat Kur'an,
Amir sampun pasekat,
wulanging putra wus kethi,
Sang Amir Ambyah,
lir madu den jantoni.
5. Mamanise sarkara cipta sumiram,
mimbuh sangsaya luwih,

kasaru kang prapta,
sakabat nama Malat,
tur wrin yen na mengsaah prapti,
neng kikis kitha,
gagaman gung nglangkungi.

6. Pangagenge Medayin Sang Prabu Hirman,
wus dungkap tepis wiring,
kitha ing Madinah,
sigra Jeng Nabi Duta,
parentah umagut jurit,
saksana budhal,
pabarisan wus prapti.
7. Tata aglar barise mukmin lan kopar,
bendera warni-warni,
layu myang kakandha,
waos lir jati ngarang,
gebyaring pedhang lir thathit
ayun-ayunan,
wong kapir nggilani.
8. Amir Ambyah umatur mring Nabiyullah,
lamun sembada Gusti,
pun paman kewala,
ingkang mangsah ing rana,
de kanthi kawula Gusti,
kanca Madinah,
ngantepana ing wuri.
9. Wus linilan Sang Amir mesat sing ngarsa,
sigra nitih turanggi,
sawadya narajang,
surak kapir lan Islam,
sareng pambrondonging bedhil,
pangamukira,
sang Amir tilar dasih.

10. Para nata kedhik pan sareng pamuknya,
mengsa kathah kang mati,
singa katerajang,
wong kapir bubar-bubar,
bubar sinabet cemethi,
kathah kang pejah,
geger barising kapir.
11. Rebut urip lumayu asalang tunjang,
paprangan sampun gusis,
sang Hirman lumajar,
pranata sami bubar,
palajengira anggendring,
Bagendha Ambyah,
den ira wiwit ngusir.
12. Wiwit enjing baskara kongsi gumlewang,
Amir Ambyah wus bali,
sowan Nabiyullah,
Jeng Gusti pasrangkara,
kados pundi ingkang jurit,
Ambyah aturnya,
sampun sirna wong kapir.
13. Sakarine kang pejah arebut paran,
kados tan pulih malih,
manahe wong kopar,
Jeng Nabi lega ing tyas,
para sakabat tinari,
matur sadaya,
yogi kundur Jeng Nabi.
14. Gya binubaraken ingkang pabarisan,
tan kawarna ing margi,
rawuh ing Madinah,
ganti ingkang kocapa,
Sang Prabu Hirman kang ngungsi,
selaning arga,

- wus pepak pra narpati.
15. Prajurit kang atebih wus sami prapta,
kang samya ngungsi urip,
samya pirembagan,
den myarsa ngantep ing prang,
kang dadya getuning ati,
bala mawendran,
den amuk wong sawiji.
16. Kang saweneh anduga yen Abu Bakar,
saweneh ngucap Ngali,
kang saweneh Ngumar,
ana kang ngucap Ngusman,
wong kapir samya pradondi,
den ira ngucap,
sarwi akirig-kirig.
17. Kang saweneh angucap ingsun tan duga,
dene anggilani,
luwange tan ana,
prajurit kadya ika,
kajaba Bagendha Amir,
anulya ana,
kuda krah nrajang baris.
18. Apuyengan gegere prajurit kopar,
samya lok Bagendha Mir,
wong lumayu nrajang,
sanggrahane Sri Hirman,
nuju nimbalii pra Aji,
bubar sadaya,
upacara keh keri.
19. Sapambedhil pranata den ya lumajar,
wonten raja satunggil,
aran Bubarindya,
maksih nieng pasanggrahan,

wus takyin gegering jawi,
saking jaran krah,
sang Hirman den aturi.

20. Apa dene kang para nata sadaya,
apan wus sami prapti,
wus tentrem sadaya,
sakehing wadya kopar,
kang duwe jaran ingusir,
sampun kapanggya,
anulya den suduki.
21. Kawarnaa wau ta sang iblis laknat,
awarna pandhita di,
prapta tanpa sangkan,
kagyat para narendra,
anulya tatanya aglis,
sinten paduka,
kang prapta ngarsa mami.
22. Gya sumaur nengnih kang mindha pandhita,
ingsun pandhita kesdik,
wus angraga suksma,
barang suncipta dadya,
araningsun Badalsatir,
yekti digdaya,
istijrat yen ngideni.
23. Gya umatur sira Sang Narendra Hirman,
pajara kang sayekti,
kang ngran Amir Ambyah,
pejeh lan gesangira,
sumatur kang mindha warni,
Sang Amir Ambyah,
ing mangke wus ngemasi.
24. Mati kobong ing nguni aneng paprangan,
Uwar araning nagri,

pirang-pirang raja,
wendran bala tumpesan,
kabubuh binadhog belis,
setan Talsamat,
iku sirnaning Amir.

25. Gya umatur sira Sang Narendra Hirman,
apa tuhu sang yogi,
Amir Ambyah sirna,
sumaur sang pandhita,
tan ana pandhita kidib,
pan demi Allah,
darbea ujar kalih.
26. Lamun kaki sira tan ngandel maring wang,
sapa sira guroni,
ingsun luwi mulya,
tur sekti widigdaya,
mara sun rupa kakalih,
lah tingalana,
mula pranyata sakti.
27. Risaksana angedalaken istijrat,
sampun warna kakalih,
gawok kang tumingal,
nulya rupa sadasa,
saya hebat kang ningali,
sasampunira,
rupa satunggal malih.
28. Pan wis ngandel sira kaki Raja Hirman,
umatur awotsari,
inggih wus pracaya,
amba dhateng ing tuwan,
kadospundi kanca sami,
kang para nata,
sadaya saur peksi.

29. Inggih sampun sami angandel sadaya,
ri sang pandhita angling,
pra prajurit Islam,
ing nguni ingkang galak,
lagya jinunjung ing iblis,
saiki bakal,
prapta janjine prang sing.
30. Sok sidhasar padha tegela kewala,
pesthi yen iku mati,
wus neng astaning wang,
lawan kang ran Muhamad,
titenana ujar mami,
yen sira mangsah,
pesthi pan melu jurit.
31. Kaki Prabu awedi marang ing sira,
raja Hirman turnya ris,
wong kang galak ing prang,
punapa Abu Bakar,
punapa kang aran Ngali,
punapa Ngumar,
punapa Ngusman nenggih.
32. Anauri sira sang warna pandhita,
Ngusman Bu Bakar Ngali,
ing mangke wus pejah,
jalma kang papat pisan,
kang ngamuk ing sira nguni,
mangke wus pejah,
atine gedhe menir.
33. Lan malihe mamayangi arep pejah,
nadyan peret kang kulit,
sun sabdakken pejah,
sayekti iya pejah,
yen sira tan ngandel mami,
lah den tandhaa,

yen sun sabdakken mati.

34. Nulya wonten prajurit kapir satunggal,
sinaosaken ngarsi,
angling sang pandhita,
lah delengen Sang Nata,
saksana kang pindha warni,
amandeng sigra,
prajurit nya macicil.
35. Nulya dangu den ira akapidhara,
ngandika Sang Awasi,
lah mara mulyaa,
saksana sampun mulya,
ya ta sagung pra narpati,
langkung jrihira,
saparentah lumiring.
36. Sampun musna wau sang warna pandhita,
enggar sagung para Ji,
gya sumekteng yuda,
budhal nembang tengara,
lir pendah robing jaladri,
sangsaya kathah,
ingkang nusul ing Gusti.
37. Sampun prapta tepis wiringing Madinah,
kawarnaa Jeng Nabi,
pinrak lan sekabat,
miwah kang para paman,
kasaru pecalang prapti,
atur uninga,
yen mengsa geng ndhatengi.
38. Aneng tepis wiringing kitha Madinah,
kagyat Jeng Nabi Murti,
angling mring kang paman,
paman mengsa punika,

- punapa kang kawon nguni,
matur sang Ambyah,
kados tan purun malih.
39. Sabab sampun sami gempal manahira,
lawan malihe Gusti,
ingkang nama Hirman,
Medayin laknat kopar,
kados tan purun mring mami,
sakancanira,
inggih makaten ugi.
40. Gya kasaru malih wonten sabat prapta,
atur wrin mengsaah prapti,
Medayin Narendra,
nama Sang Prabu Hirman,
pra ratu kathah kang ngiring,
Bagendha Ambyah,
sigra mesat tan pamit.
41. Prapteng jawi nitih kuda gya kinetap,
sinabet wanti-wanti,
akantun sadaya,
sagunge para nata,
Umarmaya lan turanggi,
untap-untapan,
meksa datan nututi.
42. Kawarna barise prajurit kopar,
lir jalanidhi ngalih,
gelar supit-urang,
ingkang minangka sirah,
sira Sang Raja Barindi,
lan putranira,
Ngustama kang wawangi.

8. WONG AGUNG MAPAGAKEN PRABU HIRMAN.

Pangkur.

1. Mungkur sungut raja Mandras,
supit kiwa Barsiraja Narpati,
supit kanan Raja Sadur,
ingkang minangka dhadha,
Raja Hirman patih Baktiyar neng pungkur,
sagung pra nata suruhan,
dadya wak-awakan sami.
2. Prajurite raja Mandras,
tiyang wolu dadya pecalang westhi,
Bagendha Amir winuwus,
panandernya lir kilat,
kapir astha sinabet bari lumaku,
ing cumethi remuk tatas,
urip siji mlayu nggendring.
3. Sinanderken kudanira,
arsa tur wrin marang rajanya nenggih,
tinitir panyabetipun,
kapiandhem kudanya,
katututan mring Ambyah cinandhak asru,
binanting tumibeng kisma,
kapisanan mutah getih.
4. Amir narajang barisan,
gugup geger wong kapir piyak gusis,
ambendrong sami lumayu,
keh oleh padha rowang,
tumbuk rubuh nibani wong akeh lampus,
kang numbuk pedhang gogobrah,
pinulih-pulih tan bali.
5. Amir sangsaya manengah,
ngamuk nander gamanira cumethi,

wong mati tumpang asungsun,
mangsah sang Raja Mandras,
sikep husar sadhepa ngayang lir kuwung,
sinabet Bagendha Ambyah,
tinangkis dening cumethi.

6. Pedhang putung Mandras nyandhak,
kestul tibeng jajanira tan busik,
Mandras cinamethi remuk,
kepalane wus pecah,
supit kering Raja Barsi nulya ngebyuk,
sawadya ngedrel sanjata,
nanging tan ana nedhasi.
7. Nulya tinarajang bubar,
kumarutug wong tiba myang kang kanin,
Barsiraja sareng nempuh,
asikep pedhang panjang,
kalih dhepa tininggil kadya kukuwung,
sinabet Sang Amir Ambyah,
tibeng pundhak tanpa osik.
8. Mider den ya kakalangan,
kaping kalih pamedhangnya Sang Barsi,
ing ngandhap pamedhangipun,
tibeng jaja tan krasa,
kaping tiga ka tlampik pedhangnya putung,
winales Barsi narendra,
kepala crah cinamethi.
9. Supit kanan sang Durraja,
nitih kudha sarwi asikep bindi,
paris malela Sang Prabu,
nrang sabala ngrempak,
Amir mangsah wong kapir katrajang sumyur,
anglela Sang Dur kesian,
Ambyah pinupuh ing bindi.

10. Tibeng jaja tan rinasa,
kaping kalih sinangga asta kering,
saksana malih amupuh,
sinangga asta kanan,
gya sinendhal katgada tiba Sang Prabu,
tangi gya binalang dhendha,
remuk Sang Nata ngemasi.
11. Balane ngedrel sanjata,
tinerajang palayunira nggendring,
raja Gulangge wus rawuh,
kalawan Umarmaya,
Sri Gulangge sikep gada nitih gupuh,
Abu Barindring umangsa,
sikep gada angajrihi.
12. Nitih dipangga agalak,
Sri Gulangge wentus kang kuda mati,
ginadhang ing gajahipun,
Raja Gulangge tiba,
langkung kurda tangi kang gajah pinupuh,
kapisanan esthi pejah,
Barindri krungkep ing siti.
13. Tinututan mring Gulanggya,
lagya lungguh pinupuh gada wesi,
tinadhaban parisipun,
remuk dadya sakawan,
lagya ngadeg pinupuh malih gya ambruk,
Gualangge winales sigra,
wentis sinungkep ing siti.
14. Gya pining kalih apana,
dhadha iring kena nulya ngemasi,
Umarmaya nora weruh,
katungkul buru bala,
kang sawiji pinlecit saparanipun,
githoke sinurya kantha,

- lumayu ajelah-jelih. 01
15. Abu Barindri susumbar,
wong Madinah lah kembulana mami,
mangsa anaa pra ratu,
iya kang kadya ingwang,
lah rebuten Abu Barindri angamuk,
lah ta payo wong Madinah,
tangkepa sakethi sisih. 11
 16. Rebuten den kaya boja,
metonana prajurite wong mukmin,
kocapa sang Jayengsatru,
minger pangamukira,
gya miyarsa Barindri susumbaripun,
kadya sinebit kang karna,
kuda kinetap lir thathit. 15
 17. Barindri maksih susumbar,
lah ta payo prajurite wong mukmin,
sareng celak Amir muwus,
ingsun prajurit Arab,
Amir Ambyah andele Jeng Gusti Rasul,
Abu Barindri alatah,
si Amir uwis ngemasi. 17
 18. Ngandika Bagendha Ambyah,
iya ingsun tan ana Amir malih,
Abu Barindri amuwus,
aja kakehan polah,
narajanga prajurit yen sira purun,
yen sira wedi nututa,
payo kembulana mami. 14
 19. Lir pinetik Amir Ambyah,
gya narajang Sang Nata anadhahi,
pinupuh Sang Jayengsatru,
kena prenajanira, 14

- kuda kancep ing kisma wates ing dhengkul,
Amir sangsaya bramantya,
kinetap punang turanggi.
20. Wus nander kebat lir kilat,
gya sinerangaken ingkang turanggi,
Barindri sigra amupuh,
sinareng Amir Ambyah,
tuna dungkap kaliwat panggadanipun,
bau cinamethi tatas,
rampung gada tibeng siti.
21. Susumbar Sang Amir Ambyah,
rasakena bilaining Hyang Widhi,
ya ingsun Sang Jayengsatru,
sun mara sisakena,
pangucape Barindri ya aja tanggung,
gonira niksa maring wang,
sinander gya cinamethi.
22. Rampung baune kang kiwa,
Bu Barindri nangis angolang-aling,
payo patenana ingsun,
putra Barindri mulat,
Bustalkadir ing rama baune rampung,
ngamuk dharat ngikal tumbak,
Amir Ambyah den larihi.
23. Tinampen waos kasingsal,
wus sinabet malih kang punang biring,
Bastalkadir saya bendu,
ingantep den ya numbak,
waosira tinampen gogodhinipun,
sinendhal kadi binuntar,
jaja bencah angemasi.
24. Barindri meksa narajang,
tinadhahan binuntar bencah lalis,

- gumuling layon Sang Prabu,
geger prajurit kopar,
wus sayekti kalamun Sang Jayengsatru,
Sang Raja Hirman lumajar,
patih Baktiyar anggendring.
25. Miminuh samarga-marga,
mring pandhita ingkang akarya wangsit,
kawarna wau kang nusul,
Sayid Ngusman Bu Bakar,
mring paprangan wong kapir kapanggih gempur,
kang para ratu punggawa,
nusul kapanggih mring Amir.
26. Tuding-tuding Umarmaya,
biyen mula wus padha sun tuturi,
rumanti sikeping pupuh,
siyaga saben dina,
iku raja mati padha ting galundhung,
sapa ingkang belanana,
dene adate udani.
27. Bagendha Ambyah wataknya,
nora kena kagepok jwala mingis,
kaya wong anyar sadarum,
tumungkul para nata,
kawarnaa Bagendha Ambyah kang wuru,
nututi sang Prabu Hirman,
pan kocap maksih ingusir.
28. Wantu wus dangu Sang Hirman,
den ya nggendring lawan ingkang antawis,
panusulnya Jayengsatru,
lan kuda saya sayah,
Abu Bakar Sayid Ngusman sampun nusul,
samarga asasanderan,
nututi Bagendha Amir.

29. Warnanen Bagendha Ambyah,
den ya ngusir sampun kasaput wengi,
wiwitira wanci bedhug,
prapteng suruping surya,
nulya ngaso saking wahana tumurun,
kasaru Bu Bakar prapta
lawan Ngusman marepeki.
30. Uninga Bu Bakar prapta,
Bagendha Mir angling paran kang kapti,
dene tuwan sami nusul,
punapa karyanira,
lah punapa sami ingutus Jeng Rasul,
Bu Bakar Ngusman wacana,
pakaryan ulun pribadi.
31. Ngaturi kundur mring tuwan,
dene mangke wus sirna mengsah sami,
Sang Amir mangsuli wuwus,
dereng lega tyasingwang,
lamun dereng pejah Sri Nata Medayun,
gyangrangkul sang Abu Bakar,
dhumateng Bagendha Amir.
32. Sarya rum wedharing sabda,
kaping kalih ing mangke sampun ratri,
lah mangsa niyata purun,
ngambah nagri Madinah,
raja Hirman sampun telas manahipun,
sumambung Bagendha Ngusman,
leres Ambu Bakar sidiik.
33. Lawan kaping tiganira,
nguni tuwan duk arsa mangsah jurit,
tan pamit putranta Rasul,
tuwan angandhut rasa,
tan prayogi pun Hirman kapanggih pungkur,
gya kendel Bagendha Ambyah,
rinasa bener sang kalih.

**9. PRABU HIRMAN UTUSAN PATIH BAKTIYAR
MIKAT PANGGALIHIPUN RAJA LAKAT**

Asmaradana

1. Kasmaran wus wektu Maghrib,
aja mak Maghrib lan Ngisa,
sawuse bakda nulya lon,
kundur Jeng Bagendha Ambyah,
lan Sayid Abu Bakar,
sang Ngusman katiganipun,
samarga awawan sabda.
2. Ngusman Bu Bakar lan Amir,
semana nulya kapapag,
Marmaya lan para katong,
sadalu denya lumampah,
enjing prapta barisan,
layon Gulangge kinukup,
apan sampun binecikan.
3. Nulya sinalatken aglis,
wus kinubur layonira,
Bu Bakar tatanya alon,
jisime sinten punika,
dene gagah prakosa,
baunira kalih rampung,
Amir mangsuli kang sabda.
4. Punika Abu Barindri,
Bu Bakar malih tatanya,
jisime sinten punang wong,
warnane memper Barindya,
kantun sepuh lan tuwa,
mangsuli sang Jayengsatu,
punika naked Barindya.
5. Ganti-ganti ingkang jisim,
tinanya mring Abu Bakar,

**Sang Amir nuduh namane,
gya budhal sing pabarisan,
datan kawarneng marga,
nagri Madinah wus rawuh,
sowan mring Jeng Rasulullah.**

6. **Wusing jawab asta sami;
Kangjeng Nabi atatanya,
sasolahireng palugon,
Amir matur sinatengah,
sumambung Abu Bakar,
jarwa saniskara matur,
ing purwa madya wusana.**
7. **Yen kirang turnya mring Nabi,
sumambung Bagendha Ngusman
ngaturaken sapolahe,
Jeng Nabi saklangkung suka,
kang paman ingaturan,
sawusnya telas rinangkul,
kang paman ngenorken raga.**
8. **Wus mundur Bagendha Amir,
Umarmaya njawil sigra,
abisik-bisik tembungé,
lah tuwan amba pamitna,
dhateng Gusti Muhamad,
yen marengi Kangjeng Rasul,
amba pan arsa lalana.**
9. **Ngendra laya nyakra bumi,
manut saombaking rasa,
Jeng Nabi sampun waspaos,
sausiking Umarmaya,
ngandika Nabiyullah,
paman napa karyanipun,
wau Marmaya bisikan.**

10. Umatur Bagendha Amir,
pukulun sanes kariya,
damelipun kakang dhewe,
tansah bibistik Marmaya,
lah Amir wecakena,
dhateng Jeng Bagendha Rasul,
angsala ingkang pandonga.
11. Mangsuli Bagendha Amir,
lah tuwan matur priyangga,
dadyaa sae dulune,
Umarmaya datan arsa,
Amir meksa ingatag,
mamitaken Kangjeng Rasul,
nging Ambyah dahat lenggana.
12. Umarmaya plintar-plintir,
ngandika Jeng Rasulullah,
uwa majenga ngarsengngong,
sandika Sang Umarmaya,
majeng angling Jeng Nabya,
tuwan paran karanipun,
bibistik mring rayi tuwan.
13. Umarmaya matur aglis,
bodho punapa paduka,
kados wus kagalih kabeh,
pun dasih saosikira,
kados sampaun kacakra,
ngandika Jeng Gusti Rasul,
lah ta uwa paran karsa.
14. Angendra ngalaya bumi,
angemong paraning karsa,
ngruket wa serening Manon,
matur inggih Umarmaya,
Jeng Rasul malih nabda,
uwa dongakaken ingsun,

lawan pandonga Kang Esa.

15. Sujud Marmaya tur amit,
pan sarwi anjawab asta,
miwah pra sakabat kabeh,
ganti-ganti sasalaman,
lawan Sang Umarmaya,
miwah Menak Jayengsatru,
dangu denya rarangkulam.
16. Esmu waspa sang akalih,
Sang Amir tansah ingaras,
den aras ing pungkurane,
Jeng Nabi wus luluwaran,
miwah kang pra sakabat,
Marmaya manahe nglangut,
ganti ingkang kawarnaa.
17. Nenggih Sang Hirman narpati,
samenta sira kalah prang,
langkung prihatin Sang Katong,
kuwalehen mengsah Ambyah,
apan nadyan sudara,
Hirman lan sang Jayengsatru,
kalangkung dën ira siyal.
18. Saking lumuh mring agami,
nenggih Sang Hirman nalendra,
sanadyan ta sudarmane,
nenggih Sang Raja Nusirwan,
sanget gething mring Ambyah,
pan sanadyan mantunipun,
tansah den arah kang pejah.
19. Nenggih putraning Sang Aji,
kang dadya garwane Ambyah,
sang Dyah Muninggar wastane,
sasedanira Sang Retna,

- kang rayi nya ginarwa,**
Dyah Marpinjun ruming santun,
dhateng sang Anjayengrana.
- 20. Ing mangke Sang Hirman Aji,**
kalangkung watiring manah,
ajrih mring Jayengpalugon,
tan wurung lamun rinusak,
nungkul dahat tan arsa,
mring agama sanget lumuh,
tansah ngetog mring Baktiyar,
- 21. Ya ta Sang Baktiyar patih,**
sumedya angamandaka,
tinelasaken gunane,
apan wus miyarsa warta,
wonten narendra dibya,
ing Lakat nagarinipun,
ngreh ratu sewu nagara.
- 22. Iku kang sinedyeng galih,**
dinuga yen bangkat karya,
nadyan rusak ing palugon,
ing benjing saecanira,
lampah agama Islam,
manut Kangjeng Nabi Rasul,
yen wus telas budinira.
- 23. Baktiyar wus amiranti,**
akarya dora sembada,
saking iblis panjurunge,
linulu dening Pangeran,
yekti asipat Rahman,
sinigeg nagri Medayun,
kang lagya karya pitenah.
- 24. Warnanen narendra kapir,**
kibir tur dir direng jagat,

marentah samining katong,
sewu kang para narendra,
tur bekti kumawula,
jujulukira sang prabu,
Dawil Kusen mahambara.

25. Tan ana ingkang nyameni,
ngrenggani nagari Lakat,
kagiri-giri kratone,
suwarganira di mulya,
pinatik nawa retna,
cacahe pra garwa satus,
tur sami putraning nata.
26. Papatihira Sang Aji,
kang nama Raja Bardanas,
sapirang-pirang balane,
yutan wendran tanpa wilang,
yekti Sang Nateng Lakat,
linulu dening Hyang Agung,
tutug den ira belasar.
27. Sarta panjurunge iblis,
kaloka sawenang-wenang,
angrenggani jagat kabeh,
Sang Nata pangrasanira,
sakathahing manungsa,
pra ratu wus samya teluk,
tan ana mrengkang ing karsa.
28. Nanging kan kagugu galih,
mung tuture sang pandhita,
paguronira Sang Katong,
abentur denya mangucap,
jinurung dening setan,
istijap sasedyanipun,
awasta Abu Ngaripah.

29. Waskitha ingkang ginaib,
nanging mangke wus palastra,
nguni sung sabda mring Katong,
sajroning mangsa punika,
badhe wonten rubeda,
anama Bagendha Rasul,
nyalini tatan kang kuna.
30. Nujum pujangga wawasi,
pri tuwin kang para nata,
apan wus dinangu kabeh,
ingkang nama Rasulullah,
pundi ing prenahira,
sumedya badhe ginempur,
ture kang dinangu nata.
31. Tan wonten ingkang udani,
miwah ing pawartanira,
nguni ana nanging seja,
ratu prajurit ran Ambyah,
ing mangke sampun sirna,
parentahira Sang Prabu,
mring sagunging wadya bala.
32. Tuwa anom gedhe cilik,
yen ana wong ran Muhamad,
miwah Rasulullah age,
kinen samya mejahana,
apan wus kalampahan,
nanging tan ana kang nuju,
nengnih kang nama Muhamad.
33. Linulu dening Hyang Widhi,
Sang Nata saya belasar,
sawenang-wenang pambeke,
malah angaku Pangeran,
salaminira gesang,
dereng uninga Sang Prabu,

- raose susah myang gerah.
34. Nadyan lalamuk myang tinggi,
sadaya sapadhanira,
tan purun mangsa Sang Katong,
ri sedhengira sineba,
pepak kang para raja,
mantri bupati supenuh,
nujum wawasi jajanggan.
35. Juru tenung miwah tabib,
aglar aneng pasewakan,
balabar gung para katong,
busana bra warna-warna,
kadya sari udyana,
nulya miyos Sang Aprabu,
lenggah ing kursi kumala.
36. Megep abusana asri,
abra lir lintang sayuta,
gebyar-gebyar ujwalane,
merang gebyaring raditya,
ingayap pra biyada,
pilihan samya yu ayu,
apengawak lindhu sekar.
37. Sang Nata gandanya amrik,
surya biseka reraras,
lir wiwadari yen tinon,
sewu samya manuara,
ngampil tilam kancana,
warna-warna isinipun,
sadaya pethetan retna.
38. Pranata aglar neng ngarsi,
mungging ing kursi kancana,
Bardanas ing ngarsa Katong,
mungging ing kursi kancana,

- ujwala warna-warna,
satriya myang para ratu,
saweneh kadi raseksa.
39. Weneh lir garudha srenggi,
saweneh kadi bujangga,
saweneh lir gajah barong,
saweneh pasemonira,
lir macan binasahan,
prajurit ajejel sungsun,
sinang lir gunung kawlagar.
40. Kalangenan Sri Bupati,
gamelan munya alaras,
lir gunung rubuh surake,
arame inum-inuman,
mriyem lir langit rebah,
tan anggop pating jalegur,
oreg kang bumi prakempa.
41. Wuru-wuru kaduk lali,
ingkang sami andrawina,
kembul dhahar Sang Akatong,
lan sagunging para nata,
miyah Raja Bardanas,
lan putra Lakat Sang Prabu,
kang wasta Malikusbarak.
42. Kalih Sang Malikuskabir,
ujwala lir yeksa kembar,
mangah-mangah pasemone,
ngenting sukane Sang Nata,
kasaru duta prapta,
saking Nagari Medayun,
caraka patih Baktiyar.
43. Pan sarwi amundhi tulis,
oreg sagung kang sumewa,

wus katur mring Sang Akatong,
tinimbalan prapteng ngarsa,
Sang Sri Kusen ngandika,
apa karanira rawuh,
duta Medayin tur sembah.


44. Amba ingutus sang dasih,
Medayin Sang Raja Hirman,
ngaturken bekti sujude,
sumangga kunjuk ing tuwan,
lan ngaturken nuwala,
tinampan binuka sampun,
Sang Nata tan bisa maca.
45. Apan ta kang punang tulis,
yekti sanes warnanira,
Lakat Medayin sastrane,
ingubengken para nata,
ganti-ganti nupiksa,
sadaya kang para ratu,
tan ana ingkang kaduga.
46. Miwah ingkang juru tulis,
sadaya datan kaduga,
Bardanas enget ing tyase,
duwe simpenan pujangga,
bisa aksara sastra,
pun Bahrulkir'at ranipun,
nulya sampun tinimbalan.
47. Serat cinandhak ing patih,
pun Bahrulkir'at wus prapta,
ingirid ing ngarsa Rajeng,
Sri Lakat nulya tanya,
kadugane amaca,
kendel ki Bahrul andulu,
ngalamate kang nuwala.

48. Nulya umatur kadugi,
Sang Nata trustheng wardaya,
lah mara wacanen age,
kang serat nulya binuka,
nanging tansah sinukma,
angandika Sang Aprabu,
pa gene tan sira waca.
49. Sang pujangga matur ririh,
Gusti upami manawa,
lir sekar amis gandane,
dumugi genira nukma,
sira ki Bahrulkir'at,
umatur Gusti ganda rum,
kang sastra nulya winaca.
50. Yata tembunga kang tulis,
punika puji kawula,
sujud mangsud ing tyas anor,
pun Hirman ingkang atengga,
Medayin nagri tuwan,
kang nerig dlamakaning Prabu,
katura Jeng Sri Narendra.
51. Pangeran ingkang ngrenggani,
ing Lakat nagari mulya,
Sri Hambara Dawil kusen,
kang sinung mong ing sajagat,
sasampuning punika,
dasih pati urip katur,
dene mamak tuli wuta.
52. Saking tan wrin amba gusti,
darbe Pangeran paduka,
pun dasih saking tebihe,
tan pisan lamun balela,
Gusti dhateng paduka,
ngandhap tumingal ing luhur,

- lir mulat ing surya sasra.
53. Angestupada pun dasih,
atur bekti kumawula,
turun amba satutuge,
ngabdia dhateng paduka,
miwah saturun tuwan,
ywa sanes ingkang amengku,
Gusti ing Medayin praja.
54. Yen dede paduka aji,
dene kalepatan amba,
ing nguni datan sumaos,
mangke sumangga ing karsa,
pejah gesang katura,
rujiten lir pusrita rum,
kawula datan lenggana.
55. Lan amba tur pejah malih,
ing mangke tan saged seba,
reh ta anandhang wirangrong,
kasambut ing ngadilaga,
Gusti badan kawula,
ing mangke anjageng mungsuh,
pramila amba tan seba.
56. Sakathah-kathahnya Gusti,
sampun kawrat punang patya,
kang bekta surat wiyose,
Gusti nenggih pun Baktiyar,
supados ngladosana,
dhumateng Paduka Prabu,
minangka anak kawula.
57. Reh amba dereng darbeni,
weka jalu kang diwasa
kang yoga saos Sang Katong,
mila pun patih kewala,

sowan ing Jeng Paduka,
lan malih dasih pisungsun,
raja brana ji sayuta.

58. Lan estri tridasa rakit,
sapelananya kancana,
lan rata mas tigang sele,
dadosa ing kang pratandha,
sujud sungkem kawula,
dhumateng paduka prabu,
saosan kalangkung nistha.
59. Lawan amba atur cethi,
kaprenah atma kawula,
pun Yandimdimah wastane,
nanging sakalangkung nistha,
asor ing warnanira,
balilu cupet tur kidhung,
tan mantra putraning raja.
- Tan langkung ciptaning galih,
nyaosaken palawija,
anenempil karsa Katong,
sing setya tuhu kawula,
angabdi ngranu pada,
esthining tyas amba katur,
wus kawrat punang nuwala.
61. Wus titi tembunging tulis,
ki Bahrulkir'at mangrepa.
tansah neng ngarsa Sang Katong,
lawan Ki Patih Bardanas,
yata Sri Naranata,
tri pandurat tanpa muwais,
langkung ngungun Sri Narendra.



10. RAJA LAKAT KAPIKAT.

Dhandhanggula.

1. Duk miyarsa manise kang tulis,
gya ginalih sajroning wardaya,
Sang Prabu Hirman pambeke,
miwah luwesing tembung,
andhap asor wegig ing budi,
iku ratu utama,
wruhing kratonipun,
tur ta datan ngelong drajat,
iya iku dununge wong jembar budi,
luhur kawignyanira.
2. Angedohi watakaning esthi,
lumuh kagepok ing basa nistha,
yata ngandika Sang Rajeng,
Bardanas den agupuh,
tampanana kang bulu bekti,
ajokna ngarsaningwang,
nulya wus pinundhut,
rajabrana gajah rata,
samya ngungun sagung ingkang aningali,
Sang Nata langkung suka.
3. Dahat gawok kehe kang para Ji,
ingkang dadya cingaking tumingal,
rerekan pan edi aeng,
lan patuting pasemun,
gya andangu saosan estri,
matur patih Baktiyar,
wonten jawi Prabu,
lerep wonten pasanggrahan,
Gusti ngantos karsa Paduka Narpati,
Sang Nata angandika.
4. Dene nganggo den andheg neng jawi,

- pa prantine denira ambekta,
palawija Medayne,
patih Baktiyar matur,
inggih Gusti wahana joli,
bebektan saking Madyan,
reh cethi kadya yun,
saking rata ngusweng pada,
Sri Narendra gumuyu angentrog wentis,
ngandika mring Bardanas.
5. Lah ta mau unine kang tulis,
palawija liwat denya nistha,
teka joli wahanane,
pan sarya den papatut,
kaya ngapa ingkang suwarni,
patih Bardanas turnya,
ngong kinten pinunjul,
dene ta putrining nata,
Sri Narendra yata tan sranta ing galih,
ngandika mring Bardanas.
6. Lah ta mara papagen den aglis,
gya umesat Sang Raja Bardanas,
lan Ki Patih Baktiyare,
nulya lampahnya rawuh,
pasanggrahan Bardanas patih,
gawok myat citra raras,
ginuntra retna byur,
sajajaranira endah,
godhi sulam trap serasah retna adi,
kumbalanira Hirman.
7. Nging sang retna tan paja kaeksi,
binektanan cethi kawan dasa,
tur endah-endah warnane,
kembar busananipun,
lenger-lenger Bardanas patih,

sang dyah sampun binekta,
neng marga lestantun,
wus prapta ing pagelaran,
Sri Narendra poyang-payingan ing galih,
kasusu kedah pirsa.

8. Samya hebat kang samya ningali,
joli sumeleh ngarsaning nata,
gya binuka lalangsene,
Sang Dyah nglela kadulu,
cahyanira amindha sasi,
dhasar mentas karuna,
cahyanira balut,
gumebyar soroting waja,
liringira sumedhet lir manjem kengis,
slira mindha kancana.
9. Saya rongeh Jeng Sri Narpati,
hebat miyat cethi myang pawongan,
biyada pingit kabeh,
yata kinen tumurun,
mring Sang Nata sang dyah wus mijil,
kadaya pupuan retna,
lir muksa dinulu,
jukining dedeg mejana,
dhasar kaduk wiraga solah respati,
Sang Nata gumiur ing tyas.
10. Supe lamun jenenging Narpati,
nora sita-sita yen sewaka,
saking iblis panggodhane,
pranyata setan iku,
lamun arsa anyilakani,
dadya karenanira,
ing pakarya kembul,
kusuma putri ing Madyan,
gya cinandhak astane mring Sri Bupati,
sarwi dipun rerepa.

11. Gya sinambut binekta mring puri,
sang dyah rara samarga ingemban,
Baktiyar lega manaha,
eram sagung pra ratu,
aningali putri Medayin,
kang seba luluwaran,
Baktiyar winuwus,
mondhok aneng kapatihan,
cinarita ambekta selir kakalih,
ayu-ayu warnanya.
12. Den kekembar busananya adi,
sedheng nome dereng darbe putra,
mentas linorod paese,
dhasar warnanya ayu,
winuwuhan sumbaga dhesthi,
dhasar waniteng Madyan,
ingkes tandangipun,
wong Lakat kau tanaga,
duk samana ingutus Rekyana Patih,
marek Raja Bardanas.
13. Nyaosaken pisungsung upeti,
warna kumala pan winadhahan,
kencana adi talame,
prapta ing ngarsanipun,
kagyat Raja Bardanas patih,
kapencut manahira,
tambuh tingkahipun,
nulya ris wijiling sabda,
sira sapa wong enom ayu kang prapti,
nangga talam kancana.
14. Gya umatur wanodya kakalih,
amba utusanira Baktiyar,
anyaosaken sungkeme,
lawan amba ingutus,
ngaturaken kumala adi,

- reh dasih ngranu pada,
 dhateng ing sang ulun,
 Bardanas mangsuli iya,
 sun tarima pisungsunge yayi patih,
 pan ingsun luwih rena.
15. Tansah mesem Bardanas denya ngling,
 bok kongkonan sapa aranira,
 nembah wanita ature,
 pan esmu den papatut,
 Mujadilah wastamba Gusti,
 punika pun Ngadimah,
 Bardanas lon muwus,
 sira iku wong punapa,
 sajatine apa gundhike Ki Patih,
 apa somahing bala.
16. Sang dyah kalih umatur wotsari,
 amba selire patih Baktiyar,
 Bardanas arum de linge,
 apa uwis susunu,
 iya sira lan adhi patih,
 sang dyah kalih aturnya,
 pan dereng susunu,
 lan dereng patos alama,
 angladosi dhateng rayi tuwan patih,
 mesem raja Bardanas.
17. Sang dyah kalih nuli pamit mulih,
 Sri Bardanas akendel kewala,
 nyelaki nered kursine,
 selir kalih mit mantuk,
 Sri Bardanas datan nauri,
 tumungkul sang wanita,
 pinancas ing semu,
 Bardanas kadya ingunggar,
 kalihira astane cinandhak aglis,
 ingaras gantya-gantya.

18. Linungsur-lungsur astanya kalih,
sarya matur amba nuwun medal,
mangke kawula binendon,
apan ta sampun dangu, gen kawula wonten ing puri,
mangke Ki Patih duka,
amba dipun pukul, sinten ingkang nanggulanga,
Sri Bardanas mesem sabdanira manis,
ya ingsun kang nanggulang.
19. Samya gawok wong ing dalem puri,
atingali Sang Raja Bardanas,
tan taha-taha karsane,
supe lamun wong agung, kang kacipta sukaning galih,
dhasare wanodyanya, mikataken semu,
liring mandam kamarutan, adhuh ngeses sangsaya limut ing galih,
ri Sang Bardanas patya.
20. Grahiteng tyas Sang Bardanas patih,
estri iki lamun sun andhega,
si yayi dadi atine, bok iya ingsun tembung,
krana rereh si yayi masthi, mangsa ewuha mring wang,
salah sijinipun, kang asta sampun winedhar,
angandika Sang Raja Bardanas manis,
uwis sira muliha.
21. Nging den kerep sira maring puri,
sang dyah kalih nuwun aturira,
gya mijil sing sanggrahane, risang Bardanas Prabu,

saungkurnya wanodya kalih,
tansah abentayangan,
sabarang rinurum,
saben-saben angandika,
nora lali wong ayu agawe brangti,
mirah ing endi sira.

22. Nulya wonten iblis pindha resi,
praptanira anjog tanpa sangkan,
Bardanas rinangkul age,
heh babo putraningsun,
sira apa dhemen sayekti,
mring selire Baktiyar,
Bardanas anjumbul,
lah sinten tuwan punika,
tanpa sangkan mawi angrangkul mring mami,
angling sang mindha warna.
23. Sun pandhita saking nagri Persi,
Sayid Uwel kaki araning wang,
sakti tur waskitha ingong,
matura den satuhu,
apa sira dhemen sayekti,
mring selire Baktiyar,
Bardanas umatur,
kalangkung remen kawula,
lami amba ningali dhateng pawestri,
datan kadya punika.
24. Nging kapalang kawula dadya Ji,
tur piniji dadya wrangka nata,
yen ngrebata darbeking wong,
tan becik kang tinemu,
tur melike tatamu prapti,
amba ugering praja,
sarta nyepeng kukum,
kados pundi solahingwang,
yen wong agung bau pradataning adil,

lir wong krubuhan arga.

25. **Pandhita Wel gumuyu sarya ngling,**
iya babo lamun sira bedhang,
tan becik ewuh dadine,
waregira wong nucuk,
yekti becik dipun kerabi,
nadyan ana kang gadhah,
sarate pinundhut,
yen tan aweh gya tinumbak,
lamun kurdha lah iya den sembadani,
yen ngamuk ya pineksa.
26. **Aja mikir pakewuhing wuri,**
anjajangka kang durung kababar,
was-uwas tiwas temahe,
lan malih patut-patut,
aduduwe sira karsani,
ekhak sabda manira,
turuten Sang Prabu,
yata Sayid Wel wusna,
Sri Bardanas dhasar arep den ajani,
nulya mring pasanggrahan.
27. **Pondhokanya Ki Baktiyar patih,**
sareng prapta ki Patih Baktiyar,
sakalangkung ing kurmate,
wanci surya sumurup,
andrawina nutug salatri,
rada kaduk Bardanas,
denira awuru,
saksana patih Baktiyar,
selirrrira kakalih kinen ngladeni,
pikatte mangun brangta.
28. **Kalihira sami ameteki,**
langkung suka Ki Patih Bardanas,
gya nglenggak kursi lenggahe,

sang dyah kalih pan sampun,
winangsitam dhateng Ki Patih,
nyepeng kang Mujadila,
asta kananipun,
mung Ngadimah keringira,
Sri Bardanas kapi norā salah kardi,
andhesek payudara.

29. Selir kalih nampel lambang liring,
nulya kesah nulya Sri Bardanas,
suka sinamur gujenge,
saya kabyatan limut,
angandika lah yayi patih,
pun kakang amiminta,
tur luwih wratipun,
entheng yen kinarya gampang,
amangsuli sira Sang Baktyiar patih,
amba sumanggeng karsa.
30. Estri kalih tan ngraos darbeni,
atanapi pejah gesang amba,
pundhuten amba sumaos,
mila amba ingutus,
nyanyaosi karsaning Gusti,
miwah karsa paduka,
nung amba nunuwun,
prakawis mengsah kawula,
lah punapa tuwan akarsa nyagahi,
yen panggah ambalila.
31. Nampel wentis Bardanas narpati,
sayuta ngarsa sakethi wuntat,
katemua ingsun dhewe,
ywa susah melu magut,
amuktia tunggu nagari,
miwah Gusti Sang Nata,
manut pagrehingsun,

mulih aywa susah seba,
amuktia pilenggah nagri Medayin,
nyakrawati lan garwa.

sang qayp kasilip ban sambut
wintungsutan dhatun K
uyebene kara Malajah
astas Kanudipan

marat Negadipan ketindis

Siti Baldabas radi uots sambut kartini

sangpeseke basyirah

Siti Kasilip usumbele istimbasan tilung

untuk resesu unta Siti Baldabas

sukra simpatut bluhene

saya kagiyatan jumit

addepuhile laji yaai batip

ban kakekku amumina

tot jumip watalipun

etupengku yen kintayya basambang

awangsung sitis sang Baldabas batip

sangpeseke sambut kartini

Eriti kasilip ten dheros qatipen

batangabi belisp besanu tumpa

bungapateu ampe sumos

wis ampe upungtu

uyaqasosi karassuning Gusti

misip katisa basuhue

oging ampe ununwan

batikawie meuleusti kawuis

jen punahes tuwuqekas nyagehi

yen basuhue ampe gile

Nahubei wentis Baldabas ualipati

sahutu ubesta sekerti wintari

karawana inggunu dhewe

awa susah melu wabut

sumuktei tundukan usaha

misewi Gusti Sang Nata

marut bagietengnusun

11. BADHE NGLURUG DHATENG MADINAH

Sinom.

1. Bangun Sri Nata Bardanas,
kundur bekta selir kalih,
kalangkung sukaning driya,
sira Sang Baktiyar patih,
gundhik ingkang den ambil,
pinengadeg abra murub,
sumekta saniskara,
nora wingwang angaduki,
rinarengga ing agem kadya atmaja.
2. Datanpa rengat ing netra,
dadya sukanireng galih,
sajatine wus sinedya,
paekan wus pasthi dadi,
abot wong lara ati,
tan wedi sarananipun,
tan owel buwang donya,
sok legaa ingkang ati,
wus adune budi akanthi sarana.
3. Anapon sirnae guna,
sirnane wibawa mukti,
surake bumi kang arja,
miwah gempuring nagari,
cures nipkahing bumi,
temen goroh wekasipun,
marga saking sarana,
wisaya kang namur sandi,
barang karya sarate kalawan guna.
4. Wau ingkang kawarna,
kang tansah aneng jro puri,
langkung pegeling wardaya,
datan katimbangan ing sih,

tan kena den prepeki,
putra kang saking Medayun,
tansah ngasta curiga,
Sang Dyah lamun den prepeki,
arsa suduk salira Sang Nata menggah.

5. Eman kongsia palastra,
wong ayu tur dadi galih,
upamane Sri Narendra,
Sang Dyah mintaa brana di,
den undhung kadi wukir,
tinikel pamundhutipun,
lamun kinen Sang Nata,
amilang lintang neng langit,
den saguhi kinena mangendra laya.
6. Sayekti pan sinaguhan,
mundhuta sira sakethi,
amundhuta sagara rah,
amesthi dipun dhatengi,
kathah kedhik Sang Aji,
pangimurira tan keguh,
samana amiminta,
sira kusuma Medayin,
Sri Narendra amba purun dadya garwa.
7. Nguni sudarma kawula,
raja Suwajan Narpati,
rinusak dening Muhamad,
kaum Madinah kang nagri,
rama Suwajan lalis,
mangke binoyong pun ibu,
ibu bangsane Hirman,
kang aneng nagri Medayin,
amba pinet putra saking timur mula.
8. Yen saguh karsaa ngrusak,
kang nama Rasullulahi,

sakarsa datan lenggana,
amba datansah lumiring,
nanging amba wong estri,
tan saged amba pitutur,
dangua pun Baktiyar,
saniskarane den ngenting,
trap tingkahe jeng nama lan paman Hirman.

9. Kang pasang giri punika,
kenginga kawula tagih,
sumangga kasrahang raga,
nanging janji ywa gumingsir,
malesa lara pati,
Madinali panggempuripun,
Sang Nata langkung suka,
kang dhampar sigra binanting,
sun sanggupi masmirah panjalukira.
10. Nulya miyos Sri Narendra,
megep aneng pancaniti,
siniwi gung para raja,
nujum pujangga myang wasi,
satria tandha mantri,
jejel ing ngarsa supenuh,
putra Malikusbarak,
kalawan Malikuskabir,
apri tuwin Apatih Raja Bardanas.
11. Lan duta Patih Baktiyar,
wus sumaos aneng ngarsi,
ki pujangga Bahrulkir'at,
rinaket celak Sang Aji,
andrawina mangenting,
kasukan umyung gumuruh,
sawusnya kembul dhahar,
Sang Nata ngandika aris,
lah Baktiyar wong apa kang ran Muhamad.

12. Matur Ki Patih Baktiyar,
Muhamad angaken Nabi,
santri kraman ing Madinah,
nedyo ngrusak mring Narpati,
kumenthus kuma sekti,
lumampah ginuron ratu,
sedya nyalini tata,
ngaken ingutus Hyang Widhi,
pan wus nyata gelare ngelmu paekan.
13. Nguni Sang Raja Suwajan,
nagarinira ing Bakin,
sudarmanya Sang Kusuma,
kang wonten ngarsa Narpati,
yekti keneng piranti,
Muhamad ing keliripun,
purwane amrasanak,
saya raket saya asih,
lami-lami neranyak nyalini tata.
14. Tan pantes kalawan nalar,
kang ora-ora pinuji,
Suwajan datan graita,
tamtu pawong sanak yekti,
tan ana duwe wadi,
gentos dhateng nagrinipun,
Suwajan sinlusupan,
saya kathah lami-lami,
amarengi Suwajan mangsa punika.
15. Tindak neng nagri Madinah,
neng marga ginetak jurit,
ping kalih kasupit papan,
punika rusaking dasih,
kaping tiga wong mukmin,
ingkang sami anunusup,
ngamuk dhateng Suwajan,
punika margane lalis,

garwanira binoyong dening Muhamad.

16. Ngandika Narendra Lakat,
karatone gedhe endi,
Suwajan lawan Muhamad,
Baktiyar matur wotsari,
dede larape Gusti,
ageng Suwajan Sang Prabu,
kawon dening paekan,
mukmin pikire nylekuthis,
purun saen acidra marang ubaya.
17. Malih Sang Nata ngandika,
paran Sri Hirman narpati,
dene denya bandayuda,
wekasan asor kang jurit,
Baktiyar matur bekti,
ing nguni Sang Dyah puniku,
rinuruh ing wong Islam,
dhateng nagari Medayin,
wus misuwur Sang Retna abangsa Hirman.
18. Rinoda ambek kuwawa,
kekah Sang Hirman Medayin,
sakalangkung dukanira,
wusana umagut jurit,
ngantos ambal ping kalih,
punika marganing pupuh,
aprang ping kalahira;
Sang Hirman wus amiranti,
badhe sowan dhumateng paduka Nata.
19. Sareng wus prapta ing marga,
sasarengan lan wong mukmin,
kang nama Nabi Muhamad,
badhe mring Lakat nagari,
nelukken paduka Ji,
punika Sang Hirman Prabu,

- bendu glis tinarungan,
silih ungkikh ganti mati,
dangu-dangu nya mundur Islam.
20. Mundur dasih padu Kirman,
pan arsa ngayomi dasih,
andelira kathah pejah,
nanging tan seja gumingsir,
lan kaping kalih ugi,
Gusti pinelaur lampus,
kalawan manjing Islam,
kawimbuhan Hirman Aji,
saking sedya tuhu dhateng padukendra.
21. Anjalmaa kaping sapta,
datan sedya salin Gusti,
liyane saking paduka,
prabu Lakat ngandika ris,
kratone gedhe endi,
Suwajan lawan Medayun,
Baktiyar matur nembah,
geng kraton Suwajan Gusti,
angandika Sri Lakat lah ta Baktiyar.
22. Kratone raja Suwajan,
geng endi lan kraton mami,
umatur patih Baktiyar,
dede timbangipun Gusti,
Suwajan banyu cangkir,
tuwan lir samodra agung,
tan kena ingupama,
tuwan Pangeran sajati,
para ratu ing ngalam donya sadaya.
23. Suwajan tansah tumenga,
mring dlamakan tuwan kering,
tur tuwan ingkang sinembah,
sagung manungsa sabumi,

parandene tan kenging,
wonten ingkang purun-purun,
ingkang nama Muhamad,
